ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№126 (24.720) • 2024 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 19, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэбэрдей-Балъкъэрыр пэрытхэм хабжэ

**Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иригъэкIуэкIащ Правительствэм къэралым и шIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм 2024 гъэм и мазибгъум къриубыдэу хузэфIэкIахэмрэ къапэщылъ къалэнхэмрэ къыщызэщIакъуэжа зэIущIэ. Апхуэдэу абы щытепсэлъыхьащ иджыблагъэ къыхалъхьа лъэпкъ пэхуэщIэщIэр, «ГъащIэм щхьэкIэ инфраструктурэ» жыхуиIэр гъэзэщIа хъунымкIэ щыIэ Iэмалхэм.**

ХУСНУЛЛИН Марат къигъэлъэгъуащ ухуэныгъэ IэнатIэм ехъулIэныгъэфIхэр зэриIэр икIи иужьрей илъэситхум къриубыдэу абы щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм я куэдагъым процент 30-кIэ зэрыхэхъуар. Псом хуэмыдэу къыхигъэщащ гъуэгу ухуэныгъэхэм зэреужьэрэкIыр икIи абы ехьэлIа Iуэхугъуэ пэрытхэр пэхуэщIэщIэм зэрыхагъэхьэнур.

Иджыпсту къэралым щылажьэ лъэпкъ пэхуэщIэхэмрэ федеральнэ программэхэмрэ щIыналъэхэм зэрыщагъэзащIэм теухуауэ къыщыпсалъэм УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр пэрытхэм зэрахэтыр. Ди республикэм нэмыщI, ехъулIэныгъэфIхэр а IэнатIэхэм къыщагъэлъэгъуащ Осетие Ищхъэрэ – Аланием, Адыгейм, Башкортостаным, Тэтэрстаным, Шэшэным, Чувашым, Пензэ, Новгород Ищхъэрэм, Воронеж, Мэзкуу, Оренбург, Курск, Кострома областхэм.

Иужьрей илъэситхум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и автомобиль гъуэгу километр 1000-м щIигъур щыIэ мардэхэм кърагъэтIэсэжащ. Абыхэм я нэхъыбэр йокIуалIэ е ухуашэ социальнэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэм, фэтэр куэду зэхэт псэупIэхэр здэщыIэ хьэблэхэм, нэгъуэщIхэми.

ЩIэуэ яухуащ е зэрагъэпэщыжащ псы къабзэ зэрыкIуэ бжьамийуэ километр 400-м щIигъу. ЩIыналъэм щыпэрыхьащ Бахъсэн псы къыщIэшыпIэ зэрыIыгъым ехьэлIа пэхуэщIэр гъэзэщIэным. Иджыпсту Дзэлыкъуэ псы къыщIэшыпIэм и етIуанэ Iыхьэр яухуэну загъэхьэзыр.

«Шэч къытесхьэркъым пэхуэщIэщIэм и Iэмал псори нэсу къэдгъэсэбэпу абы дызыхэтынум, республикэм исхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр гъэзэщIэныр а проектым нэхъри зэрыщIигъэхуэбжьэнум», - щыжиIащ езым и телеграмм-каналым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## Япэ Президентым и фэеплъыр цIыху кIуапIэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ къызэралъхурэ илъэс 83-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ Дыгулыбгъуей къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм деж щыт абы и фэеплъым щызэхуэсащ къуажэдэс нэхъыжьхэр, къулыкъущIэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэр.**

- ДИ ЛЪАХЭГЪУ, Дыгулыбгъуей къуажэм къыщалъхуа КIуэкIуэ Валерэ къэрал лэжьакIуэ, политик ахъырзэману щытащ. Къэралыр щытыкIэ гугъу щита зэманым ирихьэлIэу ар республикэм и унафэщI хъуати, къэралым и ухуэкIэ тэмэмыр хъумэным икIи зегъэужьыным егъэлеяуэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Долъытэ, дощIэж, пщIэ худощI! – жиIащ Бахъсэн къалэ администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим.

Iуэхум къекIуэлIахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ КIуэкIуэ Валерэ и фэеплъым.

Республикэм и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетми апхуэдэ пэкIу щызэхэтащ. Фэеплъым деж щызэхуэсат нэхъыжьыIуэхэри щIалэгъуалэри. Абы къекIуэлIахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ КIуэкIуэ Валерэ и фэеплъым. ЛIы щэджащэр гуапэу ягу къагъэкIыжащ къэрал лэжьакIуэхэм, абы и Iуэху зехьэкIэм щыгъуазэу щытахэм, жылагъуэ Iуэхухэм хуэжыджэрхэм, егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президентыр дунейм ехыжащ 2005 гъэм. Мэкъумэш университетым деж 2007 гъэм щагъэуващ и фэеплъыр. Къэрал лэжьакIуэ пэрытым и щапхъэ нэсщ ар университетым и лэжьакIуэхэм, студентхэм я дежкIэ.

**ГЪУЭТ Синэ.**





## Лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ дыхуэсакъыу

**Прохладнэ къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щекIуэкIащ «Урыс лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ дыхуэсакъыу» зыфIаща фестивалыр.**

«ВЕЧЕ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм къалэ щIыпIэ администрацэр и гъусэу къызэригъэпэща Iуэхум хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэ зыужьыныгъэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Текуев Амырбий**, Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ комитетым и унафэщI **Кривко Михаил**, депутат **Марцуль Олег**, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр, министерствэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкIыу къыщыпсалъэм, Егоровэ Татьянэ жиIащ лъэпкъ щэнхабзэм сыт щыгъуи мыхьэнэшхуэ игъэзащIэу къызэрекIуэкIыр.

- ЩIэблэ къэс щIэныгъэ, хабзэ къыдекIуэкIхэм я нэхъыфIыр зыщIэзышэ лъэпкъ щэнхабзэр щIэгъэкъуэнышхуэ мэхъу цIыхур, жылагъуэр зэфIэувэным теухуауэ. ЗэрытщIэщи, ди урыс щэнхабзэр къулейщ, зыми ещхькъым. АбыкIэ дуней псом сыт щыгъуи дыкъыхэщу щытащ, - жиIащ Егоровэм. - Нобэ дунейпсо щэнхабзэр уи нэгу къыпхущIэгъэхьэнукъым урыс тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ, сурэтыщIхэм, макъамэтххэм, къэхутакIуэхэм хэлъхьэныгъэу хуащIар хэмыту. Дэ диIэщ дызэрыпагэ хъун, щIэблэм щапхъэ яхуэхъун цIыхухэр. «Зи щэнхабзэр, тхыдэр, лъэпкъ лIыхъужьхэр зыщыгъупща къэралыр ужьыхынущ», - жиIэгъащ урыс тхакIуэ Толстой Лев. А гупсысэм арэзы утемыхъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ди зэманым языныкъуэхэр иужь итщ цIыхум и зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ гупсысэкIэмрэ зыкIи емыпха щэнхабзэр гущIыIу къащIыну, дыгъуасэ шэч къызытедмыхьа тхыдэр нэпцIкIэ зэрахъуэкIыну. Абы къыхэкIыу ди лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэныр, абыхэм дыхуэсакъыныр нобэ ди къалэн нэхъыщхьэхэм яз хъуащ. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир мы Iуэхум и лъэныкъуэкIэ щIапхъэхэр и унафэхэм, Федеральнэ Зэхуэсым зэрызыхуигъэзахэм мызэ-мытIэу къыщигъэлъэгъуащ. Пэжуи, лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI къэрал къулыкъущIапIэхэм. Дауи, мыхьэнэшхуэ иIэщ а лэжьыгъэр жылагъуэми зэрыдиIыгъым, щIэгъэкъуэн зэрыхуэхъум. ФIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ мы фестивалыр къызэзыгъэпэща Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэм. Зэхыхьэм хэтхэм узыншагъэ быдэ фиIэну, мамыру, бэIутIэIуншэу фыпсэуну си гуапэщ.

Республикэм етIуанэу щрагъэкIуэкI мы зэхыхьэм щагъэзэщIащ урыс лъэпкъ уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ, апхуэдэуи гукъинэжу утыку къыщеджащ усэхэм. Фестивалым хуагъэхьэзырат нэхъ пасэм къагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэмрэ лъэпкъ шхыныгъуэхэмрэ.

Зэхыхьэм хэтахэмрэ ар егъэкIуэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуахэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ фэеплъ тыгъэхэмрэ иратащ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

## Бэрэгъуным и макъыр жыжьэ щоIу



**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ уэрэджыIакIуэ зэчиифэ Бэрэгъун Заур япэ телеканалым сабийхэм папщIэ иригъэкIуэкI «Голос дети» макъамэ нэтыным хэтащ, утыкум къихьэхэм я зэфIэкIыр къэзыпщытэхэм я гум дыхьэу зыкъигъэлъагъуэри, ехъулIэныгъи зыIэригъэхьащ.**

ИЛЪЭС 11 зи ныбжь Бэрэгъун Заур жиIащ «Уафэ» (Небо») уэрэдыр. Заур макъамэм и щэхухэр едж, зегъасэ илъэсиплI зэрыхъу лъандэрэ. ЩIалэ цIыкIур куэдым къацIыху - макъамэ зэпеуэ зэхуэмыдэхэм абы япэ увыпIэхэр къыщихьащ. Апхуэдэщ, «Битва талантов», «Золотой орфей», «Я талант», «Шемякинская весна», «Золотая ника», «Твой голос», нэгъуэщIхэри. «Поколение next» фестивалым тIэунейрэ гран-при къыщыIэрыхьащ. ЖыпIэнурамэ, макъамэмрэ уэрэдымрэ и Iэпэгъущ, дахэу къофэ. Ар жыджэру хэтщ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» Iуэхум.

Теленэтыным и къэпщытакIуэхэу JONY-рэ Карауловэ Юлианнэрэ хьэзырт уэрэджыIакIуэ цIыкIум ущиякIуэ хуэхъуну. Езы Заур яхэдэри, JONY къыхихащ. Къыхигъэщащ, а уэрэджыIакIуэм и макъым, и утыку итыкIэм зэрыдихьэхыр.

- Утыкум сыщихьам сыгузэвакъым. Зэпеуэм сызэрыхэтым си гур егъэфI. Мыбы ипэкIэ тIэу си къару сыщеплъыжащ «Голос дети» зэпеуэм. Иджы сыпхыкIащи, согуфIэ, - жиIащ Заур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ди уэрэджыIакIуэ цIыкIум ехъуэхъуащ ехъулIэныгъэфIымкIэ.

- Си гум къыбгъэдэкIыу сохъуэхъу Заур адэкIи зэфIэкI къигъэлъэгъуэну, текIуэныгъэхэр иIэну - псори абы папщIэ догушхуэ! - жиIащ Iэтащхьэм.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# ЩIалэгъуалэм я зэфIэкIыр ягъэунэху

**Нобэ Налшык къалэм щызэхуос «СтартМашук» щIыналъэ егъэджэныгъэ зэхыхьэм хэтхэр. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэ псом я школакIуэрэ студенту 200-м щIигъу къытхуеблэгъащ. Ахэр хэтщ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм.**

МЫ IУЭХУР къызэрегъэпэщ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо щIалъэгъуалэ зэгухьэныгъэм Ставрополь щиIэ къудамэм, а щIыналъэм ЩIалэгъуалэ политикэмкIэ и министерствэр, «Мэшыкъуэ» щIэныгъэ центрыр и дэIэпыкъуэгъуу. Апхуэдэуи ар и нэIэм щIэтщ Урысей Федерацэм и Президентым и лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и Аппаратым.

Зэхыхьэр жэпуэгъуэм и 19-м къыщыщIэдзауэ 22 пщIондэ екIуэкIынущ. КъызэгъэпэщакIуэхэм я мурадщ щIалэгъуалэм я зэфIэкIым зэрызрагъэужьыфыным тепсэлъыхьыну, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм нэхъ жыджэру хэтхэр гуп ящIыну. Абдеж щагъэбелджылынущ «пашэ»-м и шыфэлIыфэу щытыпхъэр, гуп зэдэлэжьэкIэр зэрырагъэфIэкIуэну, хэкупсэу гъэсэнымрэ щIалэгъуалэм я шынагъуэншагъэмрэ ятеухуа IуэхугъуэхэР къызэрызэрагъэпэщыну щIыкIэр, зэщIэхъееныгъэм цIыхущIэхэр къызэрыхашэну Iэмалхэр. Апхуэдэуи ныбжьыщIэхэр хагъэгъуэзэнущ я гупсысэхэр пхагъэкIыфу зэрызагъэсэным.

ЩIалэгъуалэм яIущIэнущ федеральнэ, щIыналъэ егъэджэныгъэ проектхэм я экспертхэр, Урысейм ЩIалэгъуалэм я IуэхущIапIэм епхауэ лажьэ гъэсакIуэхэр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэр» сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ ятещIыхьауэ ди къэралым щылажьэ IуэхущIапIэ нэхъ ин дыдэщ, мы зэманым абы цIыху мелуани 7-м щIигъу къызэщIеубыдэ. Урысейм и щIыналъэ 89-м щыIэ и къудамэхэм цIыху мин 46-м щIигъу щолажьэ. Зэгухьэныгъэм хэтхэр еджэгъуэм къыщыдэхуэ зэманым йокIуалIэ щэнхабзэм, спортым епха IуэхущIапIэхэм, щIалэгъуалэм, щыIэкIэ-псэукIэм ехьэлIа мурадхэм, лъэпощхьэпохэм зыщагъэгъуазэ.

Мы зэщIэхъееныгъэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжхэм ящыщщ лъэпкъ, щэнхабзэ, тхыдэ щIэинхэм сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ щIэпIыкIыныр, абыхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зегъэужьыныр.

«Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм ящыщщ: «Большая перемена», «Япэ дэIэпыкъуныгъэ», «Пашэхэм я ныбжьыщIэхэр» «Тхыдэм и хъумакIуэхэр», «Школ классикэ», «МедиаПритяжение», «Дэ - Урысейм дрицIыхущ!», «КъэкIуэнум и цIыхухэр», «Пашэхэм я зекIуэхэр» урысейпсо Iуэхухэр, «Зарница 2.0» дзэ-хэкупсэ джэгур, «Университетские смены» егъэджэныгъэ-туризм проектыр, нэгъуэщIхэри.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Ныбжьыр щхьэусыгъуэкъым

**Мотопарапланым тесу уэгум къыщылъэтыхьынымкIэ дунейпсо рекорд иджыблагъэ игъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, илъэси 104-рэ хъу Габоев Аслъэн: абы и ныбжьым иту апхуэдэ зыхузэфIэкIа щыIэкъым. Ар къыщыхъуар Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Эльтюбю жылэм щыIэ «ФлайЧегем» парадромырщ.**

ГАБОЕВ Аслъэн щыпсэур Шэджэм Ищхъэрэ къуажэрщ икIи зэгуэрым Эльтюбю Iуэху гуэр щхьэкIэ къэкIуауэ илъэгъуащ спортсменхэм парапланхэмкIэ уэгум къызэрыщалъэтыхьыр. Зи ныбжьыр хэкIуэта лIыжьыр абы итхьэкъуащ икIи мурад ищIащ езыри абы еплъыну, и къарур здынэсыр игъэунэхуну.

Илъэс псокIэ нэхъыжьыфIым и гум ар щигъэфIащ, зыми жримыIэу. ИужькIэ апхуэдэ гукъыдэж зэриIэр и Iыхьлыхэмрэ къызэгъэпэщакIуэхэмрэ яригъэщIащ. Дауи, ар яфIэгъэщIэгъуэн хъуащ абыхэм. Ауэ къыжраIащ, парапланым трагъэтIысхьэн ипэ къихуэу, дохутырхэр зригъэплъын зэрыхуейр, абыхэм хуит къащIмэ, къызэрыпамыубыдынур.

Аслъэн и узыншагъэм дохутырхэм шэч къытрахьакъым икIи парапланым и зэран къемыкIынуи къалъытащ. Арати, нэхъыжьыфIым и хъуэпсапIэр зригъэхъулIащ. Ауэ Аслъэн и закъуэ парапланым трагъэтIысхьакъым, абы и гъусащ а спорт лIэужьыгъуэмкIэ дуней псом тIэунейрэ и чемпион хъуа Потапкин Игорь.



Параплан спортым и тхыдэм къыхэнэну Габоев Аслъэн и рекордыр «Чэщанэ» этно-хьэщIэщыр «ФлайЧегем» парадромым къызэрыщызэIуахам траухуащ.

**ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.**

# Мы махуэхэм

## Жэпуэгъуэм и 19, *щэбэт*

♦**1985 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь къулыкъум текIащ. Абы республикэм и унафэр ищIащ илъэс 29-кIэ.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЛIыбекъуэ Алексей**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шыгунэ Владимир**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 5 щыхъунущ.

## Жэпуэгъуэм и 20, *тхьэмахуэ*

♦**Урысейм щагъэлъапIэ адэм и махуэр**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэр**

♦**1911 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, политик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зэхуэсыгъуитхум я депутату щыта **Тэрчокъуэ Къамболэт**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шурдым Гъэзалий**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Жыгун Хьэту**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэ Хъусен**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Хьэжы Руслан**.

♦**1984 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **ТекIужь Заретэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым градуси 4 щыхъунущ.

## Жэпуэгъуэм и 21, *блыщхьэ*

♦**1994 гъэм** Къэрал Думэм УФ-м и Граждан кодексыр къищтащ.

♦**1881 гъэм** къалъхуащ адыгэ пшынауэ Iэзэ, къызыхэкIа лъэпкъым и макъамэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр гъэбэгъуэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Хьэгъэудж Мухьэмэд**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **ЛъэнкIэпIашэ Мусэ**.

♦**1963 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр **КIуэкIуэ Аслъэн**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 6 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**МащIэ фIыщIэ зымыщIым, куэдри фIыщIэ ищIынукъым.**

# ТракторыщIэу 95-рэ



**Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, дызэрыт илъэсым и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм республикэм и мэкъумэшыщIэхэм тракторыщIэу 95-рэ къащэхуащ, ар 13-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ а зэманым ирихьэлIэу къаIэрыхьам нэхъ-рэ.**

НЭГЪАБИ хуэдэу, мэкъумэш техникэм и нэхъыбэр - трактор 68-р, Белоруссием и къалащхьэ Минск дэт, тракторхэр щащI заводым къыщащэхуащ.

Мы гъэм и мазибгъум къриубыдэу гуэдзыр зэрыIуахыж комбайну 12 къахэхъуащ, нэгъаби яхузэфIэкIар апхуэдизщ. Абыхэм ящыщу 7-р «Россельмаш» заводым къыщыщIагъэкIащ, 5-р - «Брянсксельмашым».

Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм я лэжьыгъэм техникэщIэхэр къызэрыхашэм и фIыгъэкIэ, губгъуэ лэжьыгъэхэр щыIэ мэкъумэш-техникэ пIалъэхэм тету ирагъэкIуэкI, щыжаIащ щIыпIэ министерствэм.

**БАТОКЪУЭ Албэч.**

● **Хъыбар гуапэ**

# Котляровхэ ягъэлъапIэ

**Тхылъ тедзапIэм и унафэщIхэу, лъахэхутэхэу Котляровхэ Викторрэ Мариерэ щытекIуащ Рязань къалэм-лъэпкъ тхылъхэм яхухэхауэ щекIуэкIа «Читающий мир» Х щIыналъэ фестивалым.**

МЫ фестивалым щагъэлъэпIащ «Илъэсым и тхылъ» зэпеуэм пашэ щыхъуахэри. Абы хэтащ къыдэкIыгъуэ 200 къэзыгъэлъэгъуа тхылъ тедзапIэ 82-рэ.

Зэпеуэм хэтащ УФ-м и щIыналъэ 38-рэ: Барнаул (Алтай край), Грознэ къалэ (Шэшэн Республикэ), Донецк (ДНР), Ижевск (Удмуртие Республикэ), Йошкар-Ола (Марий Эл Республикэ), Калининград, Къэзан (Тэтэрстан Республикэ), Оренбург, Магадан, Москва, Налшык (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ), Новгород Ищхъэрэ, Омск, Пензэ, Петрозаводск (Карелие Республикэ), Псков, Салехард (Ямало-Ненецкий автономнэ округ), Саранск (Мордовие Республикэ), Санкт-Петербург, Сыктывкар (Коми Республикэ), Уфа (Башкортостан Республикэ), Хабаровск, Улан-Удэ (Бурятие Республикэ), Чебоксары (Чуваш Республикэ), Феодосие (Къырым Республикэ), Якутск (Сахэ Республикэ (Якутия).

ЕхъулIэныгъэ ин къахьащ налшыкдэс тхылъ тедзапIэм и унафэщIхэм. Зэпеуэм и лIэужьыгъуэхэм щыщу «Урысейм и щIыналъэхэм зезыгъэужь тхылъ нэхъыфI» Iыхьэм Котляровхэ Викторрэ Мариерэ къыщыхуагъэфэщащ щIыхь тхылъым и етIуанэ нагъыщэрэ фэеплъ саугъэтрэ, Дзэлыкъуэ щIыналъэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ нэгъабэ къыдагъэкIа «Край, отмеченный десницей Бога: Кабардино-Балкария. Зольская земля. История, этнография, орография, краеведение» тхылъым папщIэ. Ар теухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэмрэ щIыпIэ дахэхэмрэ. Мы гъэм къыдагъэкIащ тхыдэм, Iуэры-Iуатэм, лъахэхутэм хухэха томитху тхылъыр. А лэжьыгъэхэр щIыналъэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ щхьэпэ яхуохъу щIыпIэр нэхъыфIу къацIыхунымкIэ,

Зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщахэм къыхагъэщащ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъым и фIагъыр къызэралъытар, тхыдэр, щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэр, абыхэм я псэукIэр, Дзэлыкъуэм и щIыпIэ дахэхэр, щIыуэпс ухуэныгъэхэр зи лъабжьэ лэжьыгъэр и фIагъкIэ нэгъуэщIхэм къазэрыщхьэщыкIыр.

КъыжыIапхъэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и псалъэхэр зи пэублэ тхылъыр саугъэт папщIэу къызэрыдагъэкIар. Сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ гъэдэха тхылъым очерк 70-м нэблагъэ ихуащ. Лэжьыгъэм и дизайнерыр Щоджэн Жаннэщ. Тхылъым дэфтэр тхыгъэхэр щIыгъужащ, щIыналъэм и щIыпIэцIэхэр, адыгэ шы заводхэм я тхыдэр, дзэлыкъуэдэсхэм я нэгу щIэкIа къэхъугъэ гъэщIэгъуэнхэр къыщыгъэлъэгъуэжахэр. Альбом сурэтылъэм и бжыгъэр экземпляр 1000 мэхъу.

«Читающий мир» Х фестивалым и щIыхь тхылъым и I нагъыщэр хуагъэфэщащ Рязань къалэм и «Рязанский историко-архитектурный музей-заповедник» IуэхущIапIэм, «Рязанский кремль в фотографиях XIX-XXI веков» къыдэкIыгъуэм папщIэ. ЩIыхь тхылъым и III нагъыщэр иратащ «Марийское книжное издательство» (Йошкар-Ола, Республика Марий Эл) IуэхущIапIэм, «Горномарийская свадьба» тхылъым папщIэ.




**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# ЗыщимыIэжьэну игугъами пощтым

**Ди газетым щIэх-щIэхыурэ къыIэрохьэ цIыху гуащIафэхэр нэхъ гъунэгъуу дэзыгъэцIыху тхыгъэхэр. Апхуэдэхэм ящыщу иджыблагъэ Ульяновэ Татьянэ зы тхыгъэ къигъэхьащ. Ар зытеухуам зыщыщызгъэгъуазэм, гуапэ сщымыхъуу къэнакъым, си къуажэгъуу къызэрыщIэкIам къыхэкIыу. Шэч хэмылъу, тхыгъэ тебухуэну зыхуэфащэхэм ящыщщ Курп Ищхъэрэ дэт пощт къудамэм и унафэщI Портэ Жаннэ. АдэкIэ тхыгъэр зэрызэддзэкIам хуэдэу фи пащхьэ идолъхьэ.**



ТЕХНОЛОГИЕХЭМРЭ Интернетымрэ я зэманми, пощтыншэу ди гъащIэр ди нэгу къытхущIэгъэхьэркъым. Письмом и дунейпсо тхьэмахуэр мы гъэм жэпуэгъуэм и 9-м къыщыщIэдзауэ 15 пщIондэ дэнэ къэрали зэрыщекIуэкIам къыбжеIэ ар. Iуэхур ирагъэжьащ Пощтым и дунейпсо махуэм и щIыхькIэ. 1874 гъэм къызэIуахауэ щытат Дунейпсо пощт зэгухьэныгъэр, ар къызэзыгъэпэща къэралхэм яхэтащ Урысейри. Къэбгъэлъагъуэмэ, илъэси 150-рэ мэхъу къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэпыщIэныгъэр апхуэдэ щIыкIэкIэ зэрызэтраухуэрэ.

Пощт лэжьыгъэм гурэ псэкIэ ета цIыхухэр мащIэкъым. Къалэшхуэхэм абыхэм я гуащIэр къыщыхэмыщми, къуажэм деж - пощтым и лэжьакIуэр пщIэ щызиIэ цIыхущ. Апхуэдэщ Тэрч районым и Курп Ищхъэрэ къуажэм щыщ Портэ Жаннэ Мухьэрбий и пхъур. Илъэс 30 мэхъу а бзылъхугъэр пощтым зэрыщылажьэрэ.

Жаннэ Налшык финанс техникумыр къиухри, 1993 гъэм щалъхуа къуажэм къигъэзэжащ. ЗэхъуэкIыныгъэхэр щекIуэкI илъэсхэрати, гугъут лэжьапIэ къэбгъуэтыну, псом хуэмыдэу IэщIагъэлI ныбжьыщIэм и дежкIэ. Абы къыхэкIыу, пощтым щылэжьэну къыщыхуагъэлъагъуэм, ар арэзы хъуат. Куэдрэ абдеж зыщимыIэжьэну игугъами, Портэр пощт лэжьыгъэм дихьэхащ. ГъэсакIуэ хуэхъуа нэхъыжьыфIхэм я чэнджэщхэр зыхилъхьэурэ, хъыджэбз жыджэрыр а IэнатIэм псынщIэу хэзэгъащ.

ЦIыху пашэ хъуныр пасэу наIуэ къохъу жыхуаIэр, пэжу къыщIэкIынщ. Жаннэ Къуэжейхэ я унагъуэшхуэм къыщыхъуащ, зэрыныбжьыщIэ лъандэри адэ-анэм я щIэгъэкъуэну, и мурадхэр зэрызригъэхъулIэным егугъуу щытащ. Пощт къудамэм и унафэщI къулыкъур къыщыхуагъэлъагъуэми, жэуаплыныгъэ пылъу бгъэдыхьащ. Апхуэдиз илъэскIэ зэрылэжьами и гуащIэр игъэмэщIакъым.

Пощтыр Курп Ищхъэрэ къуажэкум хуозэ, Мир уэрамым тету. Иджыблагъэ ар зэрагъэпэщыжащ, и теплъэкIи и кIуэцIкIи зыхуей хуагъэзащ. Ауэ IуэхущIапIэм и «хуабагъэр» зэлъытар абы и унафэщIырщ, лэжьыгъэми къекIуалIэхэми бгъэдыхьэкIэ яхуиIэрщ. Мы пощтым гупышхуэ Iуткъым, абы къыхэкIыуи унафэщIым и махуэ лэжьэгъуэр нэхъ кIыхьи щыхъу щыIэщ. Пощтзехьэхэм газетхэр къуажэм щызэбграхыху, Жаннэ ищIэныр и гъунэжщ: пощткIэ ягъэхьынухэр къыIех, ахэр ирегъашэ, коммунальнэ уасэхэр етх, лэжьыгъэ зэфIагъэкIар къепщытэжри, пощтым и къудамэ нэхъыщхьэм ирегъэхь, нэгъуэщI куэди и пщэрылъщ.

Нэхъыщхьэращи, къуажэ пощтыр цIыху зекIуапIэщ, абдеж хъыбарыщIэхэмкIи сэбэп зыпылъ IуэхухэмкIи щызохъуажэ. ЦIыхухэм Жаннэ гуапэу яIуощIэ, чэнджэщ щарити щыIэщ. Ар езыр хущIокъу пощт лэжьыгъэм щIэуэ къыхыхьэ Iэмал псоми кIэлъыплъыну, IэнатIэм зригъэужьыну.

«Иужьрей илъэсхэм, дауи, куэдым зихъуэжащ. Пощтым цIыхухэм яхуищIэ IуэхутхьэбзэхэР нэхъыбэ хъуащ. Махуэ къэс сыт хуэдэ IэнатIэми зеужь, абыхэм щыгъуазэ зыщIыпхъэщ, - жеIэ Портэ Жаннэ. - Ауэ зызымыхъуэжыр ди IуэхущIапIэм и къалэнхэр нэсу зэригъэзащIэрщ. Ипэ илъэсхэми хуэдэу, пощтзехьэхэм и чэзум газетхэр щIэджыкIакIуэхэм Iэрагъэхьэ, банк картэ зимыIэхэм я ахъшэхэр хуахь. Пощтым и Iуэхутхьэбзэхэм щыщ зыбжанэ мы зэманым ИнтернеткIэ зэфIагъэкIыу хъуами, ди IуэхущIапIэм фIэмыкIыу къакIуэхэр диIэщ. Пощтым кредит щIыхуэр щатыну Iэмал яIэщ, лотерей къыщащэху, телефон номер къыщыдах. Апхуэдэуи нэхъыбэрэ унэм къыщыдгъэсэбэп хьэпшыпхэр мыбдеж щыбгъуэтынущ. Ди деж щолажьэ «Город» федеральнэ электрон Iэмалыр. КъищынэмыщIауэ, жылэдэсыр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ пощтым емыкIуэлIэфмэ, зыхуэныкъуэ IуэхутхьэбзэмкIэ пощтзехьэм зыхуигъэзэну хуитщ. «Электрон IэщIэдзыр» пщIэншэу къызыдогъэпэщ. Абы и фIагъращи, паспортыр къахьын хуэмейуэ, «сообщенэкIэ» къытхуатхыу, пощтым кърагъэхьар къаIэрыхьэжыфынущ. Газетхэм Iэ зэрытрадзэм и Iуэхур щхьэхуэщ. Нэхъыбэу ди къуажэм щытрадзэр район газетырщ - «Терек». Республикэ газетхэр къызыIэрыхьэр мащIэщ, адрейхэм электрон хъыбарегъащIэхэм нэхъ трагъащIэ. Дэ сыт щыгъуи иужь дитщ газетым Iэ тебдзэн щIыхуейм и мыхьэнэр жылэдэсым я деж зэрынэтхьэсыным».

Курп Ищхъэрэ дэсхэр я пощтым и лэжьэкIэм арэзы къызэрищIым и щыхьэтщ я Iуэху еплъыкIэр зратхэ тхылъым фIыщIэ фIэкIа зы псалъэ Iей зэримытыр. И зэфIэкIым, гудзакъэ хэлъу цIыхухэм зэрабгъэдэтым и фIыгъэщ пощт унафэщIым къуажэдэсхэм пщIэ къызэрыхуащIыр. Бзылъхугъэм и махуэшхуэмкIэ «Урысейм и пощт» АО-м и унафэщI Волков М. Ю. къыщехъуэхъум, къыхигъэщащ: «Уэ пхуэдэу зи IэщIагъэм хуэIэижь, хуэпэж лэжьакIуэхэращ ди IуэхущIапIэмрэ цIыхухэмрэ щIэгъэкъуэн яхуэхъур».

Лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ Жаннэ къару къыхэзылъхьэр и унагъуэрщ. Псом хуэмыдэу и щхьэгъусэ Аслъэн сыт щыгъуи и дэIэпыкъуэгъущ. Бзылъхугъэр ягъэгушхуэ и бынищми. Уи лъахэ цIыкIур фIыуэ лъагъун, уи къуажэгъум пщIэ хуэщIын, уи гуащIэкIэ лъэпощхьэпохэр къызэбнэкIын - мыхэрщ унагъуэр зытет хабзэр.

*Зыгъэхьэзырар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ**.

● Пресс-конференц

# Дзэм кIуэхэм къахохъуэ

**КъБР-м и дзэ комиссар Пахомов Дмитрийрэ зэухылIэныгъэ (контракт) щIыкIэм тету дзэм дашхэм я дэфтэрхэм щыхэплъэ IуэхущIапIэм и унафэщI Дмитриев Виталийрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм къытIущIащ**.



УФ-м и Президентым къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, 2024 гъэм и бжьыхьэ-щIымахуэ пIалъэм дзэ къулыкъум пэрагъэувэнухэр жэпуэгъуэм и 20-м къыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 31 пщIондэ ираджэ. А Iуэхур щызэкIэлъагъэкIуэну Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым къыщызэIуахащ дзэм дэзыш комиссэу 14: зыр - республикэм и къалащхьэм, пщыкIущыр - районхэм.

- Гуп-гупурэ, зым иужь адрейр иту, зи гугъу сщIа пIалъэм къриубыдэу, бжьыхьэ дэшыгъуэм хедгъэубыдэн хуейуэ республикэм къытхуагъэувар цIыху миным щIегъу. Ахэр автобускIи, гъущI гъуэгукIи, уеблэмэ кхъухьлъатэхэмкIи (нэхъ жыжьэ кIуэнухэр) дыутIыпщынущ, - къыхигъэщащ дзэ комиссарым.

Иджырей дэшыгъуэм хэхуэнухэр, япэрейхэми хуэдэу, ягъэкIуэнкIэ хъунущ ди къэралым и щIыналъэхэу къухьэпIэмкIэ нэхъ пыIудзауэ щыдиIэ Калининград областым деж къыщыщIэдзауэ къуэкIыпIэмкIэ нэхъ тпэжыжьэхэм ящыщ Камчаткэм нэсыху я зэхуаку дэлъ дэтхэнэми.

Нэхъыбэр зыхэхуэнур лъэсыдзэр арами, щIалэхэм къахэкIынущ хыдзэм хагъэхьэнухэри. Иужьрейхэм къулыкъу щрахьэкIынущ Балтикэ тенджызым, хы ФIыцIэм, хы Хуэмым. КъинэмыщIауэ, щыIэнущ хьэуа-десант, хьэршыдзэм, лъэпкъ гвардием, гъущI гъуэгум епхам ираджэнухэри. Армэр хуеинущ Урысейм и ДОСААФ-ми нэгъуэщI абы хуэдэ еджапIэхэми ягъэхьэзыра, С категорие зиIэ машинэзехуэхэми.

Пахомовым зэрыжиIэмкIэ, щIалэхэр щызэхуашэсыну щIыпIэхэм зэрыIуашынур гуфIэгъуэ щытыкIэм тетущ. Дэтхэнэри, емыжьэ щIыкIэ, дзэм зэрыхэтыну щыгъынхэмкIэ яхуэпэнущ, гъуэгу гъуэмылэхэмкIи къызэрагъэпэщынущ.

2024 гъэм и щIышылэм къыщыщIэдзауэ дзэм дашыну къатохуэ зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуахэми, 30-м нэсахэми, я зэхуаку дэтхэми. Япэхэми хуэдэу, пIалъэкIэ ямыгъэпIейтеину хуитыныгъэ яIэщ IэщIагъэ щызрагъэгъуэт еджапIэхэмрэ университет-институтхэм щIэсхэмрэ.

- Мы лъэхъэнэм республикэм и дзэ комиссэхэм цIыху мини 5-м нэблагъэ къетшэлIэну ди мурадщ. Ахэращ цIыху миным щIигъур къызыхэтшынури. ДэркIэ нэхъапэр дзэм дгъакIуэхэр узыншагъэ тэмэм яIэу зэрыщытыпхъэрщ. Я узыншагъэр хуэхъумэ - догъакIуэ, хуэмыхьэзырхэр - доутIыпщыж. А щIыкIэм тету къыхэтххэм ящыщу, жэпуэгъуэм и закъуэ 150-м нэблагъэ дэдгъэкIынущ, - къыпищащ Пахомовым.

КъБР-м и Дзэ комиссарым зэрыжиIам тетщIыхьмэ, зи дэкIыгъуэу армэм ираджэхэр дзэ Iуэху хэха щекIуэкI щIыпIэхэм ягъэкIуэнукъым, къэралым къыхагъэхьэжахэми ирагъэхьэнукъым. Дауи, УФ-м и щIыналъэхэу гъунапкъэм еуалIэхэм я Iуэху зыIутыр нэгъуэщIщ. Абдежым къулыкъу щезыхьэкIхэм ди щIалэхэри щахэхуэ щыIэщ.

Пахомовым зэрыжиIэмкIэ, дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну къызылъысхэм ящыщу зызыгъэпщкIухэм тезыру тралъхьэм хуэдэ IэджэкIэ хагъэхъуащ. Нэхъапэхэм апхуэдэм зэретхьэкъуу щытар сом 500 - 1000-м щIимыгъуу щытамэ, иджы ар нагъэблэгъащ сом мин 30 - 40-м.

### ЗэухылIэкIэм ипкъ иткIэ

- УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм къытхуигъэува къалэнхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ кIуэну хуейхэм гуп щхьэхуэхэр къахэтхыныр, - къыпещэ и псалъэм Пахомов Дмитрий. - Мы гъэми а щIыкIэм тету дзэм хэдгъэхьэну къытхуагъэувам я бжыгъэр мини 2-м щIегъу (цIыху 2265-рэ). Абыхэм ящыщу нобэ ирихьэлIэу дгъэхьэзырахэм я бжыгъэр процент 60-м щIегъу. Ахэр зэгурыIуэныгъэм тету дзэм къулыкъу щезыхьэкIынухэм яхэдгъэхьакIэщ.

Республикэм и дзэ комиссарым зэрыжиIэмкIэ, ди щIалэхэм ящыщу зэухылIэныгъэ езыщIылIэу дзэм дэкIыну хуейхэм я бжыгъэр иужьрей зэманым нэхъыбэж хъуурэ йокIуэкI.

- 2023 гъэм и гъатхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэдгъэпэщащ зэухылIэныгъэкIэ дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну хуейхэр здыIухьэ хъуну хэщIапIэ. Ар сыт хуэдэ зэманми мэлажьэ, - зэIущIэм щIэсахэм абыкIэ хъыбар дигъэщIащ зи гугъу тщIы екIуэлIапIэм и унафэщI Дмитриев Виталий.

ХэщIапIэщIэм и лэжьыгъэр зэтраухуащ, екIуалIэ дэтхэнэми а махуэ дыдэм (лэжьэгъуэ махуэхэми зыгъэпсэхугъуэхэми) зыщIэупщIэ псомкIи чэнджэщ щигъуэтыфын хуэдэу. Iухьэхэм къулыкъу щрахьэкIыну нэхъ зыхуейуэ къагъэлъагъуэр, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къедбжэкIынщи, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и къалащхьэм пэгъунэгъуу щыIэ Тарскэ къуажэ цIыкIум къегъэщIылIа мотострелковэ полкымрэ апхуэдэ дзэ лIэужьыгъуэхэмкIэ Волгоград къыщызэрагъэпэща полкыщIэмрэщ, кIэлъыкIуэу Ставрополь крайм щыIэ хьэуа-десант дзэм и хэщIапIэрщ.

Дзэм а щIыкIэм тету зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэхэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ я хуитыныгъэхэм къахохъуэ. Дзэ Iуэху хэхар здекIуэкI щIыпIэм кIуэхэм, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм 2024 гъэм шыщхьэуIум и 15-м щIэрыщIэу къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, зэ тыгъэу сом мин 400 ират (къекIуэкIа сом мини 195-м ипIэкIэ). КъинэмыщIауэ, апхуэдэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм къыбгъэдэкIыу сом мелуанрэ ныкъуэрэ къыIэрохьэ. Иужьрейм ехьэлIа унафэр мы гъэм фокIадэм и 1-м къыщыщIэдзауэ ягъэзащIэ. ЗэгурыIуэныгъэ езыщIылIэу дзэм хыхьэхэм, зэрыхуэхьэзыр-сытым теухуауэ, япэщIыкIэ яхоплъэ, армэм щыIа-щымыIакIэ зэхагъэкI, зэгуэр къулыкъу щрихьэкIамэ зыхэта частым елъытауэ адэкIэ ягъасэ, дерсхэр драгъэкIуэкI. Хьэзыр хъуауэ къалъытэхэр япэ лъэбакъуэу зыхагъэхьэр «резерв батальонкIэ» зэджэхэрщ.

Езым и фIэфIыныгъэкIэ дзэм зэгурыIуэныгъэ езыщIылIэм къэралым зыкъызэрыщIигъакъуэм щыщщ «Ветеранхэм яхуэгъэзауэ» зыфIаща федеральнэ хабзэм къызэрыщагъэлъэгъуауэ, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм и мылъкукIэ фэтэр зыIэригъэхьэну хуитыныгъэ зэриIэр, езыми и унагъуэм щыщхэми я узыншагъэм щакIэлъыплъ хъуну IуэхущIапIэхэм пщIэ щIамыту зыщрагъэIэзэну Iэмал зэраIэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, зэпеуэ къыхэмыкIыу икIи пщIэншэу, щIэтIысхьэну хуит зэращIыр. Дзэм зэгурыIуэныгъэ ирищIылIэфынущ зи ныбжьыр илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 60-м фIэмыкIа дэтхэнэми.

Гъэ блэкIам и гугъу тщIымэ, а щIыкIэм тету дзэм къулыкъу щезыхьэкIыну хыхьахэм я бжыгъэр мини 2-м щIигъуащ. Нэхъыбэр фочауэщ, мыдрейхэр машинэзехуэщ, пщафIэщ, техникэм пыщIащ. Мыри къыжыIэпхъэщ: Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалэхэу 200-м щIигъур дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэхэм зэрыкIуар ди гъунэгъу щIыналъэхэм я цIэкIэщ, я апхуэдэ екIуэлIапIэхэм икIыурэщ.

Ди тхыгъэм и кIэ къихуэу мыри къыхэгъэщыпхъэщ. Урысейм и «ПСБ» ахъшэ хъумапIэм деж къыщызэрагъэпэща «СВОи» электрон картэр IэмалыфIщ СССР-м и лъэхъэнэхэм къыщыщIэдзауэ зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм хэтахэми мы зэманым екIуэкI дзэ Iуэху хэхам щыIэхэми къэралым социальнэ и лъэныкъуэкIэ яхуигъэфащэ хуитыныгъэхэр тыншу зыIэрагъэхьэнымкIи ахъшэ зэрыхалъхьэ-къызэрыхахыж IуэхухэмкIэ къагъэсэбэпынымкIи. Зи гугъу тщIы электрон картэм къалэн зыбжанэ хуэгъэзэщIэнущ: псом япэрауэ, ахъшэ зэрыхэплъхьэ-къызэрыхэпхыж хъун Iэмэпсымэ къызэрыгуэкIщ, етIуанэрауэ, социальнэ картэщ, ещанэрауэ, абы къыщыгъэлъэгъуащ зыIыгъым «ветеран» цIэр зэрызэрихьэр.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм «СВОи» электрон картэр «ПСБ» ахъшэ хъумапIэм и дэтхэнэ къудамэми къыщраIыхыфынущ. Абы папщIэ яIы-гъын хуейр езыхэм я паспортымрэ зауэ зэпэщIэувэныгъэхэр щекIуэкI щIыпIэм зэрыщыIэм щыхьэт техъуэ тхылъымпIэмрэщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн**.

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 21

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**20.00** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ШИФР». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** Т/с «ТУРЕЦКАЯ ТЕТРАДЬ»
**01.00, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** «60 минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.30** «Малахов» (16+)
**18.30** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «КНЯЖНА МИЛОСЕРДИЯ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.05** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «НЕВСКИЙ. БЛИЗКИЙ ВРАГ» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**00.55** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**04.20** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.10** Х/ф «РЫСЬ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «СОЛДАТ ИВАН БРОВКИН» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «МАЙОР ВЕТРОВ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** «Тайны военной разведки». «Первая партия» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж»
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ДВОЙНОЙ КАПКАН»
**01.45** Х/ф «ТРЕВОЖНЫЙ МЕСЯЦ ВЕРЕСЕНЬ» (16+)
**03.15** Д/с «Москва фронту» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Черные дыры. Белые пятна
**07.50** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**08.25** Х/ф «РОДНЯ» (16+)
**10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.45** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.30** ХХ век
**12.00** Д/ф «Роман в камне»
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Линия жизни
**13.55** Т/с «ПОДРОСТОК» (16+)
**15.25** «Агора»
**16.45** Д/с «Передвижники»
**17.15** Открытие международного фестиваля «Музыкальная коллекция»
**18.00** «Рассказы из русской истории»
**19.45** Главная роль
**20.05** Д/с «Русское искусство в Узбекистане. от иконы до авангарда»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Д/ф «Три дня рождения космонавта Сереброва»
**21.30** «Сати. Нескучная классика...»
**22.10** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**00.00** «Магистр игры»
**01.20** Д/с «Русское искусство в Узбекистане. от иконы до авангарда»
**01.45** Д/ф «Вокзал для двоих». Отвали! Он для меня играет!»
**02.30** Д/с «Запечатленное время»

### МАТЧ!

**06.00** Профилактика на канале с **6.00** до **10.00**
**10.00, 12.55, 15.25** Новости
**10.05** Лица страны (12+)
**10.25** «Тайны звезд спорта» (12+)
**11.25** Футбол. МИР. Российская премьер-лига. Обзор тура (**6+**)
**12.35** Специальный репортаж (12+)
**13.00** «Есть тема!». Прямая трансляция
**14.25** «Все о главном» (12+)
**14.55** «Игра миллионов» (12+)
**15.30** «Громко». Прямая трансляция
**16.55** Футбол. «Тюмень» - «Торпедо» (Москва). МЕЛБЕТ. Первая Лига. Прямая трансляция
**19.00, 21.20, 00.00** «Все на Матч!». Прямая трансляция
**19.25** Футзал. КПРФ (Москва) - «Ухта». БЕТСИТИ. Суперлига. Прямая трансляция
**21.55** Футбол. «Валенсия» - «Лас-Пальмас». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**00.55** Футбол. «Вольфсбург» - «Вердер». Чемпионат Германии
**02.55** Новости (0+)
**03.00** Стрельба из лука. Кубок мира. Финал. Трансляция из Мексики (0+)
**04.00** Профессиональный бокс. А. Батыргазиев - А. Пагара. Лига Ставок. Ночь чемпионов IBA. Трансляция из Уфы

## Гъубж, жэпуэгъуэм и 22

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**20.00** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ШИФР». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** Т/с «ТУРЕЦКАЯ ТЕТРАДЬ» (16+)
**01.00, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** «60 минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.30** «Малахов» (16+)
**18.30** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «КНЯЖНА МИЛОСЕРДИЯ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.05** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «НЕВСКИЙ. БЛИЗКИЙ ВРАГ» (16+)
**22.15, 00.00** Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
**00.55** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**04.20** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.10** Т/с «МАЙОР ВЕТРОВ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «ДЕМИДОВЫ» (16+)
**12.45** «По горячим следам» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «ЯЛТА-45» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** «Тайны военной разведки». «Разведка накануне войны» (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ПРОПАВШИЕ СРЕДИ ЖИВЫХ» (16+)
**00.50** Х/ф «ДЕМИДОВЫ» (16+)
**02.10** Х/ф «ДЕВУШКА С ХАРАКТЕРОМ» (16+)
**03.35** Т/с «ЯЛТА-45» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.05** Д/с «Настоящая война престолов»
**08.00** «Жизнь и судьба»
**08.25, 22.10** Т/с «МЕГРЭ» (16+)
**10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.55** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.55** ХХ век
**11.45** Д/ф «Джентльмены удачи». Я злой и страшный серый волк»
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00** Д/ф «Три дня рождения космонавта Сереброва»
**13.55** Т/с «ПОДРОСТОК» (16+)
**15.15** Д/с «Запечатленное время»
**15.45** «Сати. Нескучная классика...»
**16.45** «Эрмитаж»
**17.15** Открытие международного фестиваля «Музыкальная коллекция»
**18.15** Живая вселенная
**18.45** Д/с «Настоящая война престолов»
**19.45** Главная роль
**20.05** Д/с «Русское искусство в Узбекистане. от иконы до авангарда»
**20.35** Д/ф «Достоевский межконтинентальный»
**21.30** «Белая студия»
**00.10** Д/с «Настоящая война престолов»
**01.30** Д/с «Русское искусство в Узбекистане. от иконы до авангарда»
**02.00** Д/ф «Джентльмены удачи». Я злой и страшный серый волк»

### МАТЧ!

**06.00** «Игра миллионов» (12+)
**06.30** «Наши иностранцы» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 15.30, 22.45** «Все на Матч!». Прямая трансляция
**10.05, 12.35** Специальный репортаж (12+)
**10.25** «Тайны звезд спорта» (12+)
**11.25** Еврофутбол. Обзор (**6+**)
**13.00** «Есть тема!». Прямая трансляция
**14.25** География спорта (12+)
**14.55** «Игра миллионов» (12+)
**16.00** Футбол. «Факел» (Воронеж) - «Зенит» (Санкт-Петербург). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**18.15** Футбол. «Динамо» (Махачкала) - «Спартак» (Москва). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**20.30** Футбол. ЦСКА - «Ахмат» (Грозный). FONBET. Кубок России. Прямая трансляция
**23.55** География спорта (12+)
**00.25** Матч! Парад (**6+**)
**00.55** Баскетбол. «Уралмаш» (Екатеринбург) - «Зенит» (Санкт-Петербург). Единая лига ВТБ (**6+**)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** Стрельба из лука. Кубок мира. Финал. Трансляция из Мексики (0+)
**04.00** Триатлон. Мировая серия. Финал. Женщины. Трансляция из Испании (0+)
**05.30** Д/с «Век нашего спорта» (12+)

## Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 23

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**20.00** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ШИФР». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** Т/с «ТУРЕЦКАЯ ТЕТРАДЬ»
**01.00, 03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** «60 минут» (12+)
**13.00** «Наши» (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**14.55** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»
**17.30** «Малахов» (16+)
**18.30** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «КНЯЖНА МИЛОСЕРДИЯ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.05** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»

### НТВ

**04.50** Т/с «УЛИЦЫ РАЗБИТЫХ ФОНАРЕЙ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**15.25 - 15.45** «Шэрджэс дуней» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Уаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Радиом и дыщэ фондым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Дызэгъусэу дыкъоджэ» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, жэпуэгъуэм и 26**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** МафIэдз Сэрэбий. «Мыщэ лъэбжьанэ» тхылъыр. КIэлъыкIуэр (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, жэпуэгъуэм и 27**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.00** МафIэдз Сэрэбий. «Мыщэ лъэбжьанэ» тхылъыр. КIэлъыкIуэр (адыгэбзэкIэ)
**11.10 - 11.45** «Зэманым и теплъэгъуэхэр». Берт Гуртуев (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Удз гъэгъахэмрэ уэрэдхэмрэ». Концерт (адыгэбзэкIэ)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 21**
***Сыхьэт 11 пщIондэ лажьэркъым.***

**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «Лъэхъэнэм и цIыхуищэ». Къэрмокъуэ М. (12+)
**18.00** «Сыбзылъхугъэщ». Пекъу А. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 22**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Вагъуэ бын». Гуппоев Ж. (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «ЛIакъуэ». Дей къуажэ. ЕплIанэ фильм (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 23**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Ди щIэинхэр». Црым Руслан и нарт эпос. Япэ Iыхьэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** Сабий ныкъуэдыкъуэхэм яхуэгъэза псапащIэ Iуэху (6+)
**17.40** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Бжьахъуэ Р. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 24**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Литературэ зэIущIэхэр. Мечиев Кязим и «Осуят» усэр (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «ГуфIэгъуэ». «Эрирей» ансамблыр (12+)
**18.00** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Къардэнгъущ Зырамыку (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, жэпуэгъуэм и 25**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Ди щIэинхэр». Црым Руслан и нарт эпос. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.30** «Студие иным щекIуэкIа интервью» (12+)
**18.00** «Макъамэм и лъахэ» (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, жэпуэгъуэм и 26**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, жэпуэгъуэм и 27**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

## «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, жэпуэгъуэм и 21**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Гъубж, жэпуэгъуэм и 22**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Бэрэжьей, жэпуэгъуэм и 23**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, жэпуэгъуэм и 24**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Мэрем, жэпуэгъуэм и 25**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, жэпуэгъуэм и 26**
**Лажьэркъым**

**Тхьэмахуэ, жэпуэгъуэм и 27**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр»

# Усыгъэм и дунейм

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урыс усакIуэшхуэ Лермонтов Михаил къызэралъхурэ илъэс 210-рэ зэрырикъур иджыблагъэ щагъэлъэпIащ.**



УРЫСЫБЗЭМРЭ урыс щэнхабзэмкIэ и щIэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым къызэригъэпэща «Усыгъэ лъагэм и дуней» зи фIэщыгъэ зэхьэзэхуэр теухуат усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм я гуащIэр, ящIэлъ гупсысэр, къыщыIуэта Iуэхугъуэхэр иджыри зэ къэIэтыжыным, щIэблэщIэм абыхэм я уасэр зэхегъэщIыкIыным. Илъэс къэс ирагъэкIуэкI жэрдэм дахэм сыт щыгъуи хуэдэу хэтащ КъБКъУ-м щеджэ ныбжьыщIэхэр, урысыбзэмрэ литературэмрэ хуеджэну Тыркуменистаным къикIа щIалэгъуалэр, егъэджакIуэхэр, жылагъуэлэжьакIуэхэр. Ауэ, къызэгъэпэщакIуэхэм нэхъыбэу я гуапэ хъуар аращи, Iуэхугъуэм КъБР-м курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и IуэхущIапIэхэм щIэс еджакIуи 100-м щIигъу зэрыхэтарщ.

Зэпеуэм хэтыну гукъыдэж зыщIахэм я пщэрылът усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм щыщ пычыгъуэ гукIэ зрагъащIэу, гъэхуауэ къеджэу видеотеплъэгъуэхэр ягъэхьэзырыну. Ауэ щыхъукIи, къалэным хыхьэрт къыхаха усэм къиIуатэ дунейм ещхьу абы къеджэ ныбжьыщIэм и щIыкIэри, и макъри, къыщеджэ щIыпIэри ещхьу гъэпсыныр. Зэпеуэр бжьыхьэм зэрырагъэкIуэкIыр къэплъытэмэ, абы хэтхэм я пщэрылът, Iэмал зэриIэкIэ, гъэм и зэманыр къыдэлъытауэ къызэджэну усэхэр къыхахыну. ИкIи жыIэн хуейщ зэхьэзэхуэм къигъэув мардэхэм ныбжьыщIэхэр зэрыпэлъэщар.

Лермонтовым и къалэмыпэм къыщIэкIа усэхэр уахътыншэ ещI абыхэм сыт хуэдэ лъэхъэни къапэджэжын цIыху зэрыщыIэнум. Хэку лъагъуныгъэр, ныбжьыщIэ гурыщIэр, щIыуэпсымрэ цIыхухэм я зэхущытыкIэхэмрэ дапщэщи гур ягъэпIейтеинущ, дахагъэмрэ захуагъэмрэ къэзылъыхъуэхэм я пащхьэ къыщыув упщIэбэм я жэуапыр абыхэм къыщалъыхъуэнущ.

Абы и мызакъуэу, зи зэхэщIыкIкIэ зэмыщхь, зи дуней лъагъукIэкIэ зэщхьэщыкI лъэпкъхэми я гузэхэщIэм пэджэжын макъамэ налъэхэри Лермонтовым и усыгъэм къыщагъуэтынущ. Псом хуэмыдэу ар нэрылъагъу щохъу Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм усакIуэшхуэм и щIэиныр къызэралъытэ щIыкIэм. ЩIыпIэр пащтыхьыгъуэм къыщизэум зи щIалэгъуэр ирихьэлIа Лермонтовым хузэфIэкIащ Кавказыр игъащIэми зи псэупIэ лъэпкъхэм я дунейм и гуащIэр, и кууагъыр, и къабзагъыр зэхищIыкIын, ахэр къыумызэууэ дахэкIэ зэшэлIэн зэрыхуейр. Зи гупсысэкIэр къэралым иригъэкIуэкI политикэм темыхуэ щIалэр гурыщIэ къабзэхэр зыхуищIа щIыпIэм щхьэхуимыту къагъэкIуат, ауэ абы дежкIэ ар лъэхъуэщ хъуакъым, атIэ и гум щыушэ пшыналъэм и къэгъэIупIэ дыдэ хъуащ.

Лермонтовыр усакIуэпсэми, щхьэхуитыныгъэр зищIысыр фIыуэ къызыгурыIуэ, лIыгъэм и уасэр нэсу зыхэзыщIыкI Михаил тхыдэм къыхэнащ «Пушкиным иужькIэ япэ» фIэщыгъэр зиIэ цIыхушхуэу. А цIэр абы езытари Кавказым щыпсэу лъэпкъхэрщ, пыухыкIауэ жыпIэмэ – адыгэхэрщ. Лермонтов Михаил и IэдакъэщIэкIхэр джыным икIи къэхутэным зи гъащIэр тезыухуа профессор цIэрыIуэ Андронников Ираклий игу къигъэкIыжырт: «УсакIуэшхуэм и зы махуэщI гуэрым ирихьэлIэу ЩIэныгъэхэмкIэ академием зэIущIэшхуэ къыщызэдгъэпэщат, лъэпкъ щIыналъэхэм я еджагъэшхуэхэр къедгъэблэгъат абы. КъызэрыкIуэнум и хъыбар къыдата щхьэкIэ, пщэдей хуэдэу екIуэкIыну щIэнIуатэм хэтынухэр ныщхьэбэ хуэдэм хьэщIэщым къыщызэхуэсырти, Кавказым щыщу дызыпэплъэхэр зи къахэхуэртэкъыми, гумэщIыгъуэ диIэт. ЗэIущIэм и Iуэхухэр зезыгъакIуэ хъыджэбз цIыкIухэр пщэдджыжьым гужьеяуэ къызбгъэдэлъэдащ: «Ираклий, мыбы зы телъыджэ гуэр щыIэщ, щIэхыу къыщIэкIи еплъ», – жаIэри. СыкъыщIэкIрэ сыплъэмэ, адыгэ пыIэ лъагэшхуэхэр зыщхьэрыс, фащэ екIур зыщыгъ адыгэ дадэхэр уардэу ЩIэныгъэхэмкIэ академием и пщIантIэшхуэм къыдыхьауэ къакIуэрт. Мо нэхъыжь жьакIэху къомыр къыщыслъагъум си щхъуэфэцым зрисащ, си гур къызэфIэнащ, апхуэдизкIэ игъащIэми «Кавказым и франджыкIэ» зэджэ адыгэхэм я хабзэшхуэри, цIыху щIыкIэри си нэгу зэуэ IупщIу къыщIэувати. Нэхъыжьхэм яужь итт Теунэ Хьэчим, ХьэхъупащIэ Амырхъан, Жанэ Къурымырзэ, Лъостэн Исуф, КIэрашэ Тембот, нэгъуэщI адыгэ усакIуэ-тхакIуэхэри. Къэсу къыщызбгъэдыхьэм, зи пащIэкIэр зыгъэджэгу ХьэхъупащIэ Амырхъан зы лъэбакъуэ фIэкIа ди зэхуаку дэмылъыжу къэувыIэри, адыгэбзэ дахащэкIэ псалъэхэр зэкIэлъигъэкIуащ. Лермонтовым и цIэр къызэрыхэщамкIэ къызгурыIуащ адыгэхэр зэуIуу щIэнIуатэм кърихьэлIэныр усакIуэшхуэм хуащI IулыджымрэхьэтыримрэкъызэрыхэкIар. СхузэзыдзэкIыжым и псалъэм къыхэщащ «Пушкиным иужькIэ япэ усакIуэр Лермонтовщ» жыIэгъуэр. «Си щхьэм сепхъуэжат – аращ, ара дыдэщ, шэч лъэпкъ хэлъкъым зэрыарам!» – жысIэри. Зи псалъэр гум пхыкIа, зи цIыху щIыкIэм гузэвэгъуэ хэхуа лъэпкъхэм щхьэкIэ гууз-лыузыр къызыпхыща усакIуэр, зауэлIыр, щIэныгъэлIыр Кавказым щыгъупщэнукъым, нобэ щыIэ дадэ жьакIэхухэм я щIэблэми яIэщIэхунукъым. Абдеж щызыхэщIащ си гъащIэ Iыхьэм сызыхэт Iуэхум зэи ужьыз зэримыIэнур, Лермонтовым и щIагъэ лъащIэнщэм зыхуагъэзэху, сэри, усакIуэшхуэм и гъусэу, сыкъызэралъыхъуэнур».

ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, аращ зэрыхъуари. Лермонтовым и IэдакъэщIэкIхэм Кавказым пщIэшхуэ щаIэщ, ахэр къалъыхъуэ, щIэупщIэ яIэщ. ИкIи, гъэщIэгъуэныр аращи, Лермонтовым и цIэр кърaIуэху, ар къытхузэIузыха, нэфIкIэ абы дезыгъэплъа профессорышхуэм и цIэри къыдоIуэ.

Зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакIуэхэр видеохэм хэплъа нэужь, къыхагъэщащ Андронниковым и фIэщхъуныгъэм хэлъ къарур зэрымыкIуэщIынур – щIалэгъуалэр Лермонтовым и усыгъэ щIэиным хуосакъ, абы щIэлъ макъамэр зэрыхуэфэщэнкIэ къагъэIуну хущIокъу, щхьэж и гурыщIэрэ зэхэщIыкIрэ хилъхьэми, езым и бгъэдыхьэкIэ зэриIэри имыгъэгъуащэу щIэрыщIэу дунейм къытрегъэхьэж. Дэтхэнэ зы усэ къеджэгъуэри адрейм емыщхьыжу щIэщыгъуэщ, ныбжьыщIэгур зыгъэныщкIу пIейтеигъэм егъэдахэ, егъэжьгъыру, егъэщхъуэкIэплъыкIэ.

Зэпеуэм хэтахэм ящыщ зым къызэрыхигъэщамкIэ, Лермонтовым и цIэр зэхихами, утыку кърихьэну усэр къыщыхихым и тхылъ зытIу щIиджыкIын хуей хъуати, лъагъуныгъэшхуэ хуищIащ. «Лермонтовым и усэхэм сыкъеджа нэужь, акъылкIэ къызгурыIуащ абы и гъащIэр къызэрекIуэкIар зээмыгъащIэмэ, усэхэр нэсу зыхэзмыщIэнкIэ зэрыхъунур. ИкIи сытым хуэдэу гъэщIэгъуэн къысщыхъуат ар фортепианэм еуэу, накъырэм епщэу, жьэпшынэм кърига ъэкIыу зэрыщытар къыщысщIам. Нэхъ телъыджэж къысщыхъуар сурэт ищIу зэрыщытарщ – абы ищIа сурэт 13 къэнауэ нобэ и цIэр зезыхьэ музейм щахъумэ. Мис абдеж хьэкъыу спхыкIащ Лермонтовым и усэбзэм щIэлъ макъамэр къыздикIыр – Тхьэм кърита зэфIэкIхэм я щIэжьыуэт усэныр». Мыпхуэдэ гупсысэкIэ зиIэ ныбжьыщIэхэм нэхъапэкIэ псэуа усакIуэхэм, тхакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм, щэнхабзэ лэжьакIуэхэм я гуащIэдэкIыр зэрымыкIуэдынур уи фIэщ ящI.

КъБКъУ-м Урысыбзэмрэ урыс щэнхабзэмкIэ и щIэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым и лэжьакIуэхэм пэIудзауэ екIуэкIа Iуэхугъуэхэм жыджэру хэтахэм фIыщIэ хуащI, дэтхэнэ зы ныбжьыщIэми зэпеуэр купщIафIэ хъуным хилъхьа и гуащIэр зэрыин дыдэр къыхагъэщ. Усэраджэм хэтахэм псоми фIыщIэгуапэ тхылъхэмрэ тыгъэ лъапIэхэмрэ иратыжынущ. Дэри дохъуэхъу зэпеуэм хэтахэм, щхьэж и IэдакъэщIэкI и шхыгъуэ ихуэу псэуну ди гуапэщ.

Лермонтов Михаил и щIыхькIэ ирагъэкIуэкIа усэраджэм хэтахэм я усэ къеджэкIэр зэхэзэхыну хуейхэр Центрым и напэкIуэцIым хыхьэмэ, еплъыфыну Iэмал яIэщ: https://vk.com/club227194421.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# Хэкупсагъэм хуагъасэ

**Налшык дэт гимназие №1-м щIэблэр хэкупсэу гъэсэным хуэунэтIа зэIущIэ щекIуэкIащ, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и къудамэм къызэригъэпэщауэ. Абы хэтащ фондым хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ къэрал IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Мзокъуэ Темболэт, цIыхухэм ядэлэжьэнымкIэ фондым и IэщIагъэлI Кульчиев Тамерлан сымэ.**



ГИМНАЗИЕМ кърагъэблэгъат дзэ Iуэху хэхам щыIа зауэлIхэу ПщыхьэщIэ Ахьмэдрэ Шэшэн Елдаррэ. ХьэщIэхэр ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ Хэку лъагъуныгъэм, лIыгъэм, пэжыгъэм. Абыхэм щапхъэу къахьащ къэралым и щхьэхуитыныгъэм зэгуэр зи псэ щIэзытауэ я бэшэчагъымрэ лIыгъэу яхэлъамрэ. ЖаIащ, узэкъуэтмэ лъэщ узэрыхъур, укъызэримыкIуэтыр.

Дзэ Iуэху хэхам щыIахэм щIэблэр къыхураджащ Хэкур я гум илъыну, къэралым и зыужьыныгъэм езыхэми я зэфIэкI халъхьэну, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтыну, гуапагъэ ящIэным хущIэкъуну. НыбжьыщIэхэр дихьэхауэ едэIуащ зауэлIхэм я хъыбархэм, абыхэм я чэнджэщхэм.

**ГЪУЭТ Синэ.**

● Зэпеуэ

# ЩIыуэпсым хуэщхьэпэщ

**«ЩIыуэпсыр зехьэныр - дэтхэнэми и къалэнщ» зыфIаща сабий-ныбжьыщIэ дунейпсо саугъэтыр мы гъэм етхуанэу ят.**

АБЫ ипкъ иткIэ, къызэрагъэпэщ зыхуэмыиж хьэпшыпхэм псейхэр зэрагъэщIэрэщIэнухэр къыхегъэщIыкIынымкIэ зэпеуэ. «Экоёлка» Iуэхум хэтхэм къагъэсэбэп хъунущ дискхэр, птулъкIэхэр, хьэкъущыкъухэр, щIыIухэр, нэгъуэщIхэри.

Урысейм щIыуэпсым кIэлъыплъынымкIэ и IэнатIэм и IэтащхьэРадионовэ Светланэ зэрыжиIэмкIэ, зэпеуэр щхьэпэщ, абы щIыуэпсыр хъумэн зэрыхуейм щIалэгъуалэм я гур къыхуегъэуш. Нэгъабэ мы Iуэхум хэтахэм апхуэдэ хьэпшып цIыкIуфэкIу мини 5-м щIигъу ягъэхьэзыращ.

Мы гъэм абыхэмкIэ ягъэщIэрэщIэнущ Москва дэт зоопаркым щагъэувыну псейр. НэхъыфIхэр къыхахынущ я дахагъэм, зэрелIэлIам, гупсысэу щIалъхьам тещIыхьауэ. Зэхьэзэхуэм зи хьэпшып нэхъыфIу къыщалъытэхэм гаджетхэмкIэ яхуэупсэнущ, тенджыз ФIыцIэм зыщрагъэпсэхунущ, Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щыщIэтIысхьэкIэ къащхьэпэжынущ.

Iуэхум гупыж зыщI дэтхэнэри хыхьэ хъунущ. Абы щхьэкIэ Илъэсыщ Iэм епха хьэпшып цIыкIур уи IэкIэ пщIыуэ дыгъэгъазэм и 1 пщIондэ ебгъэхьын хуейщ мы хэщIапIэм: 119017, Москва къалэ, Большая Ордынкэ уэрам, №29-м («Экоёлка» псалъэр тету). Хьэпшыпым тхыгъэ дэщIыгъун хуейщ, ар зыщIам и цIэ-унэцIэр, зыщыщ къалэр, и телефон номерыр, и электроннэ пощтыр иту.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Май щIыналъэм и гъавэ бэвыр

**КъБР-м и Май щIыналъэм гъавэ Iухыжыным щоужьэрэкI. ЗэкIэ, щыIэ хъыбархэм ятещIыхьауэ, хьэцэпэцэрэ джэш хъурейуэ зэхэту тонн 46224-рэ кърахьэлIэжащ, зы гектарым центнер 53-рэ къытекIыу.**

СЭХУРАНЫР щыIуахыжащ гектари 180-м, зы гектарым центнер 18 хуэзэу. Апхуэдэуи лэжьыгъэхэр щыщIагъэхуэбжьащ нартыхумрэ соемрэ щащIа хьэсэхэми. Нартхэм я шхыныгъуэ нэхъыщхьэр нобэкIэ къытрахыжащ гектар 2593-м, псори зэхэту тонн 26387-рэ хъуаэ. Мы бжыгъэхэм къагъэлъагъуэ нартыхур Май щIыналъэм и мэкъумэшыщIэхэм къазэрехъулIар.

Гъавэ къехьэлIэжыным къыдэкIуэу бжьыхьэсэми щыпэрыхьащ районым. Мыбдежым нэхъыбэу ар зи пщэрылъыр «Ленинцы», «Агро+», «Красная нива» мэкъумэш IуэхущIапIэхэрщ.

ЩIыналъэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм къагъэлъагъуэ щIыпIэ мэкъумэш-промышленнэ комплексым зыужьыныгъэфI зэригъуэтар, адэкIэ хигъэхъуэну Iэмалхэри зэриIэр. Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ иджырей технологиещIэхэр районым къызэрыщагъэсэбэпыр, щIым телажьэхэр я къалэнхэм зэрегугъур, щIыуэпсми зэрыхуэсакъыр.

**БАТОКЪУЭ Албэч.**

**Лъэпкъыу дунейм тетыр, жыпIэми ущымыуэну, щытхьэусыхэ зэманщ, бзэр тIэщIокI, ди литературэр мыхьэнэншэ хъуащ жаIэу. Абы щыгъуэми гузэвэгъуэ нэхъ ин хэтщ лъэпкъ мащIэхэр е зэрымащIэм щхьэкIэ я щхьэлажьэм нэхъ ину уIуоплъэ. Бзэмрэ литературэмрэ къаруушэ щIэхъуа щхьэусыгъуэхэм жэщ-махуэкIэрэ утепсэлъыхьыфынущ, абыкIэ бгъэкъуаншэ хъуну цIыхухэри Iуэхугъуэхэри мащIэкъым. Ауэ псынэпс къабзэм хуэдэу литературэм «хэлъадэ» сатыр гугъэзагъэхэр зи Iэдакъэщ IэкIхэри, Тхьэм и шыкуркIэ, ди мащIэкъым. Апхуэдэ тхакIуэ хъарзынэхэм ящыщ зыщ журналист КIЭБЫШЭ Лилэ.**

**Адыгэбзэк Iэ къыдэкI газетымрэ журналымрэ щIэх-щIэхыурэ къытохуэ Лилэ и IэдакъэщIэкIхэр. Абыхэм сюжет гъэщIэгъуэн яIэм и закъуэкъым, атIэ бзэ тыншкIэ къеджэгъуафэу тхащ. Арагъэнщ щIэупщIэ щIаIэр.**

**Лилэ и Iуэтэжхэмрэ повестхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъ зытIущ дунейм къытехьащ. Абыхэм ящыщ зы, «Нэлат» зыфIища Iуэтэжыр, ди гуапэу, «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм фи пащхьэ ныдолъхьэ.**

ИСТЭПАН Залинэ.

# НЭЛАТ

*(Iуэтэж)*

Жейм ущемызэгъым и деж жэщри сыту гъэкIуэгъуей, нэху мыщыжыну къыпщохъу. Ар иджы и закъуэ? Иужьрей зэманым апхуэдэущ сызэрыпсэур. МыхъумыщIагъэу злэжьамрэ гукъэкIыж хьэлъэхэмрэ Iэпкълъэпкъ псор зэщIаубыдащи, хуэм-хуэмурэ сызэщIеIулIэ. «Адрей бэлыхь стелъым нэмыщIыжкIэ, фэри щхьэ сыкъэвухъуреихьа? Фэрыншами, жьыгъэм сипхъэхащ, узми зыкъызипщытащи, хуиту зы лъэбакъуэ сигъэчыжыркъым, – жиIэу Iущащэурэ, халат къуэлэн лъапIэр зыщыгъ лIыжьым и Iэ кIэзызхэмкIэ къиущтэри, хущхъуэм ефащ. – Мыбыи къысхуищIэжIарэ? «Хущхъуэ» жаIэу ящэри сытым ещхь, ахъшэхьщ псори, ахъшэхьщ. ЗытIэкIу нэхъ мыхъуми сыжейрэ, мы къызэжахэр IукIуэтамэ, си псэм псэхугъуэ игъуэтынт. Псэхугъуэ... абы щхьэкIэ сымыщIэн щыIэкъым. Ауэ сыти схуэщIэжын сэ лIыжь кхъахэм?! Си мылъкум и Iыхьэ щанэр, уеблэмэ и зэхуэдитIыр щIэстынт». Ар жиIэурэ, и халатыр зэрыщыгъыу, лIыжьыр гъуэлъыжащ. АрщхьэкIэ, зыгуэрым къигъэщтам хуэдэу, псынщIэ дыдэу къызэфIэтIысхьэжри: «Къэбгъуэтаи мылъкур щипкъухьын, зэпытыр псоми къахукIуэ, игъащIэм зэхуэсхьэса мылъкур ауэ сытми хэспхъэнщ, жи. Армырами, си щхьэгъусэм сыкъидэжыркъым, зы къуэ сиIэжщи, къалэшхуэм кIуэри дэтIысхьэжащи, зэзэмызэххэ: «Старик, уи Iуэхур дауэ щыт?» – жиIэрэ къэпсэлъамэ, Iуэхутхьэбзэшхуэ къысхуищIа и гугъэжщ. Быным игъэтхъа щымыIэу зэрыжаIэм пцIы хэлъу къыщIэкIынкъым. Си щхьэгъусэм, «сыбгъэжейркъым», жери, пэш щхьэхуэ щIэлъщ, зимыгъазэу нэху мэщ, апхуэдизкIэ къыщIыхэщтыкIыж щыIэкъыми. Абыи си къуэми я гугъэр си мылъкур зралъэфэлIэну арaщ.

Сэ сылIэным фыщогугъ... СылIэми, си мылъкури къыздыщIалъхьэну уэсят къэсщIынщ. Уэсятыр Iэмал имыIэу гъэзэщIэн хуейуэ жаIэркъэ! СфIадыгъупами сщIэркъым, – лIыжьыр къотэджри, и халат жыпым IункIыбзэр кърех. СтIолым бгъэдохьэри, IункIыбзэр и Iэ кIэзызым хуэмыгъэкъаруужу, тэлайкIэ елIэлIауэ, къыдэгъэжыр къыIуех. Абы дэлъ ахъшэ къомыр щилъагъукIэ, жьыгъэр вагъэбдзумэу зрикIуа и нэгу зэлъар къогуфIэж. АпхуэдизкIэ къэгуфIэжати, зызыухуа и плIэри, и дамэри иутхыпщIу, а псори кIэрыхуу, щIалэ хъужауэ къыщыхъуат. Iущащэурэ ахъшэм телъэщIыхьырт. Абы гу щимыхуэу, иджыри куэдрэ щытыну къыщIэкIынт, ауэ и нэгу къыщIыхьэхэм Iэмал кърaтакъым. «Аращ... сыт... си ахъшэр зэралъагъуу, псори къызожэ. ФыIукI, фыIукI, жысIакъэ, фэстын фи гугъэу арамэ, фыщоуэ. Сыту гущыкI ин хэлъу фыкъызэплърэ. Уэ... уэ щIалэри дэнэ ущыщт? А-а-а, къэсщIащ... Уэ упсэут-тIэ?.. Си ахъшэр степхын мурад уиIэмэ, ущымыгугъ, сыпсэууэ пIэрызгъэхьэнкъым, сылIами, уэстынкъым, зыми естынукъым, зэхэпхрэ – зыми», – жиIэурэ щыIуихам хуэмыдэу нэхъ жану, нэхъ псынщIэу къыдэгъэжыбжэм и IункIыбзэр иритыжри, къытрахынкIэ шынэу, IункIыбзэIухыр зрилъхьа халат жыпыр IитIкIэ иубыдыжащ. Зытэлай дэкIри, пищэжащ аргуэру: «Зи Iэр зи щIыбагъымкIэ ехьэкIа щIалэщIэри сыту нэщхъ IейкIэ укъызэплърэ? Уэри игъащIэкIэ щIалэу укъэнащ. Ар нэхъыфIкъэ? Сэ схуэдэу лIыжь кхъахэ ухъуху упсэуным гъэщIэгъуэну зыри хэлъкъым. Щхьэ зыпыплъэжат? ЖаIэр арaщ, сэ сщIэрэ? КуэдIейрэ къыптепсэлъыхьатэкъым, илъэс зыхыбл къудей си гугъэжщ. НтIэ, ар куэд? ИгъащIэкIэ тутнакъэщым иси щыIэщ, абы щхьэкIэ зыпалъэжыркъым, мэпсэу. А уи гъусэр зыхэхуа Iуэхум къыхэсшын щхьэкIэ къызатар сыт хуэдизми пщIэрэ? Ахъшэм и къарум пэхъун иджыри къэс зыми къигупсысакъым икIи къахуэгупсысынукъым.

Уэ лIыжь къетхъухари узыхуейр сыт? Уэри арaщ, укъысхузэгуоп, сыкъэплъагъуи хъуркъым. Къэбгъуэтаи сыщIэбгъэгузэвэн. Уэ пхуэдэр, зэспэсу, сепсэлъэн си щхьэ теслъхьэу щытакъым. Нобэ хуэмыдэу, сэ хьэмтетыгъуэ сиIащ. Зы махуэм слъэгъуа тыншыгъуэмрэ гухэхъуэмрэ пщIыхьэпIэу уэ уи нэгу щIэкIакъым. ПщIэуэ къысхуащIыр сыт хуэдизт! Мо къуэми дэхуэнтэкъым. Iулъхьэр я Iэгум илъу, машинэкIэ къыскIэлъажыхьырт. КъызэIысхыр гуфIэрт, сэри си Iуэхур къикIырт. Апхуэдэхэм деж, дауи, зыгуэр хилъэфэн хуейт...

Уэ цIыхубзыр мы къомым я щIыбагъым щхьэ укъыдэува? КъэкIуатэ мыдэ. Нэлат къызэпхар пщIэжрэ? Сэ ар сщыгъупщэжакъым, ауэ, итIани, уэ пхуэдэу фIыуэ слъэгъуа дунейм тетакъым. Дарий хужь пIaщIэм дахащэу къыпхыпс а уи щIыфэм зыщызмыгъэнщIурэ усIэщIэкIaщ. Пэжщ, наркотик зыщар уи къуэратэкъым, къыхэсшынуи мурад быдэ сщIат. АрщхьэкIэ, плъагъурэ Iуэхур зэрыхъуар... ахъшэ къысхуагъэлъэгъуам и куэдагъым си нэр къыщхьэрипхъуэри, нэгъуэщI слъагъужакъым. ПщIэжрэ иужькIэ къызжепIар? Зы псалъэ мычэму, нобэми ар си гум илъщ, псэхугъуэ иримытуи, си псэр кърехуэкI: «ГъащIэм и нэлатыр тхьэм къыптригъахуэ!»

Зыми дыкъамыщIэу, илъэс дапщэкIэ щIасэу узиIа? Уи щIалэжь цIыкIур мыхъуамэ, адэкIи ди Iуэхур хъарзынэу екIуэкIынут. Нықъуэдыкъуэ хъуауэ, кIуэдауэ лъэхъуэщым къызэрикIыжар щхьэжэ пщыхъури, уи къарур пэлъэщакъым. Зызумысыжынщи, а Iуэхум хуэдэу сызыхущIегъуэжа игъащIэм зэи злэжьакъым, зэхэпхрэ – сыхущIегъуэжащ. СынолъэIу... стехыж уи нэлатыр. Хъункъэ иджы степхыж?.. – жиIэурэ лIыжьыр бжэмкIэ мэпщ. – УIумыкIуэт, сызэгъэIусэ. Хъунщ-тIэ, уи гугъу сщIынкъым, ауэ умыкIуэдыж къудей. Мыл гъэжам къыхэщIыкIам хуэдэу, щIыIэмэ къыпкIэрехри... умылгуащэу пIэрэ-тIэ? Хьэуэ, ар уэращ, уи дахагъымкIэ укъэсцIыхужащ. Уи нэлатым сыкъыIэщIэгъэкI, сынолъэIу. Япэм лъэгуажьэмыщхьэу укъызэлъэIуами, плъагъурэ, иджы сэращ лъэгуажьэмыщхьэр».

– Аргуэру къэхъуар сыт? Иджыри хьэпщхупщхэм уашхрэ? – шхыдэурэ, и щхьэгъусэр къыщIыхьащ.

– Хьэпщхупщкъым, нэхъыкIэщ къызэжар... цIыхухэращ. АфIэкIа ахэри сымылъагъужащэрэт, – щэIуурэ, лIыжьыр къэтэджыжащ. – Жэщтеуэ къыстоуэ, шейтIанхэр къызожэри, сагъэжейркъым, – мэтхьэусыхэ ар.

– Ахэр щыIэу уи фIэщ зэрыхъурэ куэд щIа? Сыпщыдыхьэшх хъунут, ауэ си жеин къокIуэ, – жиIэри, хущхьэурэ, фыз пшэрышхуэр къызыщIэкIа пэшым щIыхьэжащ.

ЩIалэгъуэмрэ къарумрэ цIыхур къыщцыкъуэгушхукIым и деж, и гугъэжщ а зэманыр зэи имыкIыну, и дунейр апхуэдэ защIэу ихьыну. Ауэ ахэр пэIэщIэ пхуэхъурэ, жьыгъэмрэ узымрэ бжьыпэр яубыдмэ, мис итIанэщ къэпкIуа гъуэгуанэм ущрипплъэжыр.

ЛIыжьыр и щхьэ хуэпсэлъэжурэ, и лъакъуэ гъурым вакъэ лъэныкъуэр лъитIэгъащ, етIуанэр щимыгъуэтыжым, лъэгуажьэмыщхьэу тIысри, гъуэлъыпIэ щIагъи шэнт лъабжьи къимыгъанэу щIэплъащ. Щимылъагъум: «Зэпытыр къыпхукIуэ!» – жиIэри, ерагъыу къыщыпщыжащ.

ЩэIуу икIи Iущащэурэ, адрей пэшым щIыхьэри, блынджабэм кIэрыщIыхьа жьэгум бгъэдэтIысхьащ. Дэпыр жьэрэжьэж пэтми, лIыжьым гъущI псыгъуэ кIыхьыр къиштэри мафIэр зэIищIaщ. «Сыкъэхуэбэжу, си псэр псэхужамэ аратэкъэ» – жиIэурэ, и плIэр зэхуишащ. Дунейр хьэхуу зэрыжаIэр зэхэсхат, - ауэ ар си щхьэм къэсын си гугъакъым. Хьэхур нэгъуэщIхэм я дунейрауэ си гугъащ.

Си фызыжьыр хэти елъэну къызэтенэри, сэ мыпхуэдэу кхъахэ сыхъуащ. Зэпытыр къахукIуэ псоми!.. Сэ къулейсызу сыкъэхъуащи, къулейсызыныр зыхуэдэр си къуэм езгъэгъэунэхунукъым, жысIэурэ, зэтеслъхьа мылъкум ари хуэмеижу къыщIэкIaщ. «Как дела, старик?» – арaщ зэрызыкъысхуигъазэр. Абы и анэм къилъхуар цIыху хъунт?! Зы закъуэщ а си щхьэгъусэ пIaщэжьым сызэрыхуэарэзыр. Дапщэрэ къэзмыгъэпцIами, жысIэм зэи шэч къытрихьакъым. Е, пэжыр ищIэми, къыфIэмыIуэхуарэ... СщIэркъым.

Мысэр хей сщIырэ хейр мысэ сщIыуэ, нэхъыбэ къызэзытым пцIыр есщэу сызэрыщытам уи къуаншагъэ хэмылъу уи гугъэмэ, ущоуэ. Гуэныхьыр си закъуэ сыпшыныжыну къызэрыпщыхъумкIи ущоуэ. Щхьэ сыкъыумыгъэувыIарэ, мыпхуэдиз дыщэхэкIым, щыгъын лъапIэм сыхуейкъым, жыпIэу? Iейуэ жыпIэнт!.. ПфIэмащIэу зэплъэфалIэрт. Улахуэу къыдатыр зэрымащIэр умыщIэу арат? ПщIэрт, псори пщIэрт, ауэ, убзаджэжьти, умыщIафэ, къыбгурымыIуафэ зытебгъэуащ. Ущымыгугъ уи дунейр апхуэдэу пхьыну. Зэгуэр уэри уи къарур щIэкIуэсыкIынщ. ИтIанэщ зэи къыумыдза Алыхьри ахъэтри уи фIэщ щыхъунур. Абы и закъуэ? Напэм ептыжын хуей жэуапыр-щэ?»

И щхьэ хуэпсэлъэжыныр зэуэ къегъанэри, лIыжьыр бжэмкIэ маплъэ.

«Аргуэру уэра? Къызэрытебгъэзэжар сыту фIыщэт! Адрейхэр къыщIэмыхьэну яжеIэ. Уэ зыращ сызыхуейр, къэкIуатэ мыдэ... Хъунщ-тIэ, сэ езыр сынэкIуэнщ. Уэ умыпIaщIэу къызэжьэ. Япэм хуэдэу, жьы сщIэту, си лъэр жану сыщытыж уи гугъэрэ? – щэIуу къотэдж, арщхьэкIэ псынщIэ дыдэу йохуэхыж. – Хъунщ, хъунщ, ущIэмыкIыж, сынакIуэркъым, сыноIусэркъым. Зыумысыжыт, уэри фIыуэ сыкъэплъагъуу щытакъэ? Щхьэ зыри жумыIэрэ? ГущыкI къысхуэпщIaщ, пэжкъэ? СощIэ. Къэзыгъэзэжыр Алыхьым ещтэ, жаIэ. Къэзгъэзэжащ. Сыт иджы сыбгъэщIэнур? Сыти къыспыпхын? ЦIыхубз псоми фIыуэ яхэслъагъукIар уэ зырат. Уи нэпсыр занщIэу уи напэ дахэм тедиящ. Умыгъ, зэхэпхрэ, сынолъэIу, умыгъ. Уи къуэм и суд щащIэми угъырт, укъыщызэлъэIуами угъырт. АпхуэдизкIэ сыкъэгухати, уи къуэр къезгъэутIыпщыжыну сыхьэзырт. АрщхьэкIэ... уи нэпсыр... зэи усщыгъупщакъым, си нэгу зы дакъикъи ущIэкIакъым. Уи нэпсыр... IукIуэтыт, моуэ тIэкIу IукIуэтыт, фIыщэу слъэгъуа. КъыщIэгъэхьэ а бжэм деж щытыр, ар къыщIэкIуар сэращ»...

КъулъшыкъуфIи хъуауэ, зы зэман зэ и щхьэгъусэр къэтэджрэ къыщIыхьэмэ, лIыжьыр утыкум илът...

«Ахъшэр къеIысхакIэт. А уи къуэр зи пIэм иувам ахъшэшхуэ къеIысхакIэт», – Iущащэрт лIыжьыр, и нэр зэтепIауэ, ауэ абы жиIэр зыми зэхихыртэкъым, сыту жыпIэмэ, Iущащэр абы и псэ хэкIырат...

# ХьэщIэхэр къызэрыдахьэх Iэмалхэр



**Дызэрыт илъэсым и щIышылэ - фокIадэ мазэхэм кърuубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщаплъыхьыну, я узыншагъэр ди деж щызэтрагъэувэжыну къэкIуащ цIыху мелуан 1,5-м нэблагъэ. Ар процент 17-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.**

АБЫХЭМ ящыщу цIыху мелуаным нэблагъэм, е псори зэхэту къэкIуа туристхэм я Iыхьэ щанэм, Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэпсэхуащ: щIымахуэм лыжэхэмкIэ къыщажыхьащ, гъэмахуэм – щIыпIэ дахэхэр лъэсу къызэхакIухьащ, я нэгу зыщрагъэужьащ.

Къэрал мыхьэнэ зиIэ курорту щыт Налшык къалэм и санаторэхэмкIи туристхэр къыдихьэх зэпытщ иужьрей илъэсхэм. Мы гъэм дызэрытехьэрэ я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъыну, загъэхъужыну мыбы къэкIуащ цIыху мин 40-м нэблагъэ. Санаторэ-курорт IуэхущIапIэу 21-м Iуэхутхьэбзэ зэхуэмыдэхэр ди хьэщIэхэм щыхуащIэ.

Налшык къалэр къулейщ псы, ятIэ хущхъуэхэмкIэ, къуршыщхьэхэм къащхьэщих хьэуа къабзэмкIэ, къэкIыгъэ щхъуантIэхэмкIэ. Абы къыхэкIыу, зызыгъэхъужыну ди деж къакIуэхэм, я узыншагъэм кIэлъагъэплъыным къыщыдэхуэхэм деж, Iэмал яIэщ республикэм и къалащхьэм и щIыпIэ телъыджэ псори зрагъэлъагъуну, абыхэм я дахагъыр зыхащIэну. Абыхэм папщIэ турист лъэс лъагъуэхэри ягъэхьэзыращ, зыплъыхьыпIэхэри хуащIaщ.

Ауэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэжращи, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм, турист инфраструктурэхэр зэрырагъэфIакIуэм къыхэкIыу, ди деж къакIуэхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу икIи ар щIыпIэ экономикэми хэлъхьэныгъэ хуохъу.

ТОМЭКЪУЭ Алыдж.

# «Хьэцыбанэр» фэилъхьэгъуэм и нобэрей дамыгъэщ

**Иджыблагъэ Москва ещанэу щекIуэкIащ модэм и тхьэмахуэ. «Манеж»-м и утыкуищым щыгъын гъэлъэгъуэнысгъэу 83-рэ щыIащ. Я Iэдакъэм къыщIэкIа фэилъхьэгъуэхэр утыку къра-хьащ Урысейми нэгъуэщI къэралхэми щыщ дэрбзэрхэм. Модельерхэм нэхъыбэу трагъэщIащ фэилъхьэгъуэхэмкIэ щхьэж и лъэпкъ щэнхабзэм гулъытэ хуищIыным.**

ДЭТХЭНЭ щыгъын брендми щIэщыгъуэ хэлът. Китайм къикIахэм ягъэлъэгъуащ пщамплIэхэм, Iэщхьэхэм я щIыкIэхэр къыщыхэгъэщхьэхукIа щыгъынхэр. Бразилием щыщхэм «деним» щэкI Iувымрэ гъущI зэхуэмыдэхэм я теплъэр зи плъыфэ «металлик» щэкIымрэ дахэу зэригъэкIуащ. «Металлик»-р брендым къыщIригъэзэгъами зы щIагъыбзэ щIилъхьащ. Iуэхум щигъэлъэгъуа фэилъхьэгъуэхэр абы идащ хьэршым япэу лъэтауэ щыта бзылъхугъэм - Терешковэ Валентинэ - и щIыхькIэ.

Урысейм щыщ модельерхэми къагъэлъэгъуащ лъэпкъ щэнхабзэм и фIыпIэхэр. Фэилъхьэгъуэхэм иратащ ар къыбгурызыгъаIуэ теплъэ гъэщIэгъуэнхэр. Псалъэм папщIэ, дизайнер Воробьёвэ Иринэ иджырей зэманым урыс лъэпкъ фэилъхьэгъуэр кърригъэкIуащ плъыфэрэ пкъыгъуэкIэ. Плъыфэр - плъыжьт, пкъыгъуэу къигъэсэбэпар урыс фэилъхьэгъуэхэм дыщIагъуу щыта «ободок-кокошник» щхьэфIэлъхьэрт.

Тхьэмахуэ модэм екIуу хэтащ Налшык щыщ «Хьэцыбанэ» брендыр. Щоджэн Фатимэ гулъытэ хуищIащ лъэпкъ тхыпхъэхэм, щэкIым и фIагъым. Псори ихьэхупащ иужьу «Хьэцыбанэ»-м игъэлъэгъуам. ЩIым нэс фэилъхьэгъуэ кIыхь хужьыпсыр IэкIуэлъакIуэу брендым и дамыгъэ хьэцыбанэм - и къудамэ цIыкIухэр къэзыгъэлъагъуэ теплъэу хэдыкIат.

- «Хьэцыбанэ»-м игъэлъэгъуахэр дахащэщ. Пасэрейр иджырейм Iэзэу къегъэкIуащ. Фэилъхьэгъуэхэм адыгэ гупсысэ къабзэ зэрыщIэлъыр-щэ! - жиIащ щыгъын гъэлъэгъуэнысгъэм еблэгъа уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Тут Заур.

- Москва ди псэр зыхэлъ фэилъхьэгъуэхэр зэрыщыдгъэлъэгъуам Iэмал телъыджэ къызитащ щэнхабзэм гупсысэ щIэщыгъуэ хэслъхьэну. ЩэкIыр, дыкIэр, плъыфэр, гупсысэр зэуIу хъури, иджыреймрэ пасэреймрэ зэпащIащ. Ар къыщыгъэлъэгъуащ «Дикая Роза» зыфIэтща фэилъхьэгъуэхэм.

Сызыхэта Iуэхум къызита гурыщIэм иджыри сиIыгъщ. Псалъэ гуапэ куэд зэхызох абы щызгъэлъэгъуа фэилъхьэгъуэхэм теухуауэ. Дэтхэнэ гулъытэри, дэтхэнэ хъуэхъури дамэ схуохъу. Москва щыдгъэлъэгъуа фэилъхьэгъуэхэм хуэдэ дыдэхэр яхуэддыну куэдым зыкъытхуагъэзащ. Щыгъынхэр занщIэу зыщэхуну хуейхэр щыIэт, ауэ дэ иджыри дыхэтыну ди гугъэщ Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIыну гъэлъэгъуэнысгъэм, - жиIащ Щоджэн ФатIимэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**





# Шыгъажэ лъэхъэнэр зэхуащIыж

**Къэбэрдей-Балъкъэрым шыгъажэ спортым пщIэ хэха зэрыщыхуащIым щымыгъуазэ бгъуэтыну къыщIэкIынкъым. Ар къэплъытэмэ, сыт щыгъуи хуэдэу, абы хухаха зи чэзу лъэхъэнэм хуэфэщэн пщIэрэ щIыхьрэ иIэу зэхуащIыжащ, дызытехьэну илъэсым и накъыгъэ мазэм и япэ гуфэгъуэ махуэшхуэм пщIондэ.**

КIЭУХ зэпеуэр Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэм елэжь IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ я махуэм егъэщIылIауэ щытащ. Мыбы къэзэрыщызэдэжа псори хьэрып шы лъэпкъхэрщ. КъыхэжаныкIахэм псоми зэхэту сом мелуанищрэ мин щиблрэ хъу саугъэтхэр иратащ. ГуфIэгъуэ зэхьэзэхуэ махуэр къызэIуихыу, шыгъажэм дихьэххэм захуигъэзащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Говоров Сергей. Ар дэщIакIуэхэм ехъуэхъуа иужь, къыкIэлъыкIуэну зэпеуэ лъэхъэнэщIэр нэхъыфIыжу къызэгъэпэща зэрыхъунум шэч къызэрытримыхьэр къыхигъэщащ. Абы фIыщIэ ин хуищIащ шыгъажэ лъэхъэнэр екIуу егъэкIуэкIыным зи лэжьыгъэрэ мылъкурэ хэзылъхьа псоми.

«Бжьыхьэ» зыфIаща зэпеуэм хуагъэува саугъэтым щIэбэну къыщызэдэжахэм пашэныгъэ къыщызыхьар «америкэщылъхукIэ» зэджэ Лестат (Теприт-Лириа), еплIанэу мыпхуэдэ зэпеуэ хэтауэ етIуанэу саугъэт къэзыхьа шы пцIэгъуэплъщ. Зейр Хьэгъуш Артурщ. Ар къэзыгъэжа шууей, япэ категорие зиIэ Баттуев Алим зэрыжиIамкIэ, езымрэ и гъэсакIуэ Iэзэ Манн Яковрэ быдэу я фIэщ хъурт ахэр саугъэтыншэу къызэрымынэнур.

Апхуэдэ гъуэгуанэ зэпачу зэпеуа, илъэситI зи ныбжь шыбз гупым я деж пашэныгъэ къыщызыхьар Фаст-Бйорд (Ле Бернардин-Мадона) пцIэгъуэплъ-фIыцIафэрщ. Ар зейр Къущхьэ Салимэщ. Мыпхуэдэ къызэдэжэу ар плIым хэтати, мыр и ещанэ ехъулIэныгъэщ. Шымрэ абы теса шууей Пэнжьокъуэ Рустамрэ зэпеуэм хуэзыгъэхьэзырар гъэсакIуэ Iэзэ Бахъуэ Мухьэмэдщ.

КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и фэеплъ, сом мелуан хъу саугъэтым щIэбэну къызэдэжа гупым къыщыхэжаныкIар зи зэфIэкIкIэ Налшык шыгъэжапIэм куэдым фIыуэ къыщацIыхуа икIи цIэрыIуэ щыхъуа, ДыщэкI Хьэжмурат и Ультиматум (Мономах-Ультра Си), илъэситху зи ныбжь шырщ. Ар зыхэта шыгъажэхэм мыр я епщыкIуиянэщи, плIэм текIуэныгъэ, пщIэм етIуанэ, щэм ещанэ увыпIэхэр щиубыдащ. Абы къихьа саугъэту хъуам я уасэр зэхэплъхьэмэ, сом мелуаниплIрэ мин щиплIрэ мэхъу. Шыр зейр Ало Эдуардщ. Шууейуэ тесар Каппушев Мырзэбэчщ.

ИлъэситI зи ныбжь хьэрыпышхэр зыхэта, метр минрэ щих хъу гъуэгуанэр къызэпычыным къыщытежар Кондрашев Юрий и Пафос (Санхрайз Терск - Примета) хакIуэрщ. Мы шыр зэдэжэгъуэу щым хэтати, щэми япэ увыпIэр къыщихьащ. Абырэ къэзыгъэжа шууей Iэзэ, дунейпсо утыкум ехъулIэныгъэхэмкIэ къацIыхуа Гусейнов Гусейнрэ я гъэсакIуэр Кондрашов Юрийщ.

ИлъэсиплI хъу, нэхъыжь шы лъэпкъыгъуэфIхэм я гупым я зэпеуэ метр минитIрэ щиплI зи кIыхьагъым нэхъ жэру зыкъыщигъэлъэгъуащ куэдым фIыуэ ялъэгъуауэ къекIуэкI Лорд Мовеус, «Малкэ» шы заводым ейм. Тесар Пэнжокъуэ Рустамщ, я гъэсакIуэр Варга Алексейщ.

Метр минрэ щийм къыщызэдэжахэр илъэсищ зи ныбжь хьэрыпышхэрщ. Хабзэ хъуауэ мыбы щыпашэт Мухьэрэм шыр, ауэ ар мыбы зэрыхэмытам и фIыщIэу къыщIэкIынщ Саваб (Монгол-Праведность) пцIэгъуэплъу Цуров СулътIан и шыр зэрыщытекIуар. Къэзыгъэжа шууейр Каппушев Мырзэбэчщ.

Мы гъэм, Налшык шыгъэжапIэм щызэхэта зэпеуэхэм я кIэух дыдэ зэдэжэм илъэсищ зи ныбжь шыхэр метр минрэ щийм къыщызэдэжати, Ред Раунд (Оскар Перфоменс-Мовемент), Полушкинэ Ольгэ игъасэ и пцIэгъуэплъыр щытекIуащ. Ар къигъэжащ Щоджэн Iэдэм.

**ШАФИЙ Аслъэн.**
*Сурэтыр* **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

# НыбжьыщIэхэм я зэпеуэм

**Урысей Федерацэм атлетикэ хьэлъэмкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным зэхьэзэхуэ Краснодар крайм и Сукко къуажэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 56-м я спортсмен ныбжьыщIэу 350-м нэблагъэ, къитащ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и лIыкIуэу зэпеуэм цIыхуих щыIащ икIи плIым медаль зэхуэмыдэхэр къахьащ. Хъыджэбз цIыкIухэм я деж япэ увыпIэр щиубыдащ Скрипко Аланэ, абы зыкъыщигъэлъагъуэр килограмм 76-рэ хъухэм яхэтущ. ЩIалэ ныбжьыщIэхэм я зэпеуэм япэ щыхъуащ Ширдий Ислъам (кг 109-рэ). Гулиев Темырлан зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ (кг 73-рэ), Багъэтыр Таулан ещанэ хъуащ (кг 81-рэ).

Спортсменхэм я тренерхэр Шэкэм Михаилрэ Щауэ МуIэедрэщ.

**БАТОКЪУЭ Албэч.**



**● Спорт**

# МедалиплI Ростов кърахьащ

**Дон Iус Ростов къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ кикбоксингымкIэ «Дон и Кубокыр» къэхьыным хуэунэтIа урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 26-м я спортсмен 892-рэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм зэхьэзэхуэм медалиплI къыщихьащ. Илъэси 10 - 12 зи ныбжьхэм я деж лайт-контактымкIэ зэIущIих ирагъэкIуэкIри, зэпеуэм и дыжьын медалыр къиихьащ Толасов Сослан. Ар зыхэтар килограмм 37-рэ зи хьэлъагъ гупырщ. Абы нэмыщI, ныбжьыщIэм къратащ «ТекIуэныгъэм ерыщу зэрыщIэбэнам папщIэ» саугъэт щхьэхуэри.

Илъэс 13 - 14-хэм итхэм я деж щрагъэкIуэкIа «КI» зэпеуэм етIуанэ щыхъуащ Толасов Назири (кг 51-рэ).

Илъэс 19 хъухэмрэ абыхэм нэхърэ нэхъыжьхэмрэ я зэпеуэм «фулл-контакт»-мкIэ ещанэ увыпIэр къыщихьащ Пэрыт Казимир (кг 63,5-рэ). Килограмм 67-рэ хъухэм я деж зыкъыщызыгъэлъэгъуа (КI) Куэпэшэр Батыри домбеякъ медаль зыIэригъэхьащ.

ЩIалэхэм зыщагъэсэр КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм Олимп джэгухэм хэмыхьэ спорт лIэужьыгъуэхэмкIэ и спорт еджапIэрщ, я тренерыр Къудей Алимщ.

**АЛБЕРДЫКЪУЭ Iэмин.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.466 Заказыр №2259

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымкъ и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

